Лэжьыгъэмрэ хъуэпсапIэмрэ цыхэтехуэкIэ...

2 -нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

ГъэпщIакIуэхэм япэщIоувэ

4-нэ нап.

Литературэ газетыщIэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№17 (24.923) • 2026 гъэм мазаем (февралым) и 12, махуэку • ТхьэмахуэмщэкъыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Хэкупсэхэм я зэхуэс

Кулиев Къайсын и цIэр зэрихьэу Тырныауз къалэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм щекIуэкIащ «Хэкум и лIыхъужьхэр: щIэинымрэ къэкIуэнумрэ» район зэхыхьэр.

ЩIэблэхэм я зэпыщIэныгъэ быдэмрэ хэкупсэ гъэсэныгъэмрэ трауху Iуэхум ипкъ иткIэ, СВО-м хэтхэр, ветеранхэр, щIалэгъуалэр гупу зэдгъэзэжьащ, мастер-класс гъэщIэгъуэнхэм зэгъусэу хэтащ.

ЗЭХУЭСЫМ нэгъуэщI зы Iуэхуи щекIуэкIащ - Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м къыдигъэкIа унафэм тету, «и къалэн игъэзащIэу къигъэлъэгъуа лIыгъэм, хахуагъэм, псэемыблэжыныгъэм папщIэ» ЛIыхъужьыгъэм и орденыр дунейм ехыжа нэужь зыхуагъэфэща Аракелов Гамлет и къуэ Тимур иратыжащ.

Къызэрыхэдгъэщауэ зэхыхьэм и хьэщIэ лъапIэт зауэм и ветеранхэр, дзэ Iуэху хэхам хэтхэр, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и КъэбэрдейБалъкъэр щIыналъэ кIудамэм и лэжьакIуэхэр.

«Мыпхуэдэ зэIущIэхэр дзэкъуэгъэныгъэм, зэпыщIэныгъэм я лъэныкъуэ къызэлъытэ. Дызэдэщыпам ди нэгу щыщIэкIам къыткилхъэ къармурэ къэкIуэнур зыухуэ фи жэуапныгъэмрэ ди зэхуаку телъщ ар. Ди къэралым и къарур сыт щыгъуи цIыхубэм и зэкъуэтыныгъэм епхауэ щыгъуэ, ноби ар мыбдежь хуабжьу щызыхидощIэ», - жиIащ СВО-м и ветераным.

Зэхуэсым Iэтауэ щагъэлъэпIащ республикэм, районым хэкупсэхэм я зэпеуэ щрагъэкIуэкIам щытекIуэхэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ.

ИужькIэ пшыхь гукъинэжкIэ къыздэхуэсахэм я гукъыдэжыр къаIэтащ. «Хэкум и лIыхъужьхэр: щIэинымрэ къэкIуэнумрэ» зэхыхьэм хуэдэхэр зэрыпагъэкIуэкIым и мыхьэнэр инщ, цIыхубэм жэуапныныгъэ зыхэгъэщIэныкIэ, хэкупсагъэр къагурыIуэныкIэ. ЛIыхъужьхэм я щIэиным пщIэ хуэтщI къудейкъым, атIэ ар къэкIуэным зэгъусэу дезыгъэгупсыс, щIэблэр зэрауцIрыхуар Iэмалщ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Лъэпкъ шхыныгъуэхэм иregъэхъуапсэ

Налшыкдэс пщафIэ Къандур Альбинэ и зэфIэкI къыщигъэлъэгъуащ «Пятница» телеканалымкIэ екIуэкI «Битва шефов» нэтыным. Альбинэ абы щипщэфIащ лыгъурлыбжьэрэ дэлэнрэ. Ерыскъэухэр я теплъэкIэ зэрыгурыхьым гу лъызыта Агзамов Ренатрэ Ивлев Константинрэ, ерыскъым хэIэба нэужь, зыжьэу жаIащ лыгъурлыбжьэри дэлэнри къызэрымыкIуэу зэрыIэфIыр.

«ЕРЫСКЪЫ IэфIыр утыкум екIуэ къызэрипхъа къудейми къигъэлъэгъуат абы и IэфIагъэр. ПIастэр къыбжьэдэткIухь, лы гъэгъуар хуэфэщэн дыдэу дэщIыгъуэ - IэфIыщIэ. Мыпхуэдэ дэлэн IэфI нобэ япэу сIухуауэ аращ. Бзылъхугъэм ерыскъыр Iэнэм екIуэ къызэрытригъэзувэми гу лъыстащ. Ар сэ фIыуэ слъагъу Кавказым и дахагъэм щыхьэт техъуэщ», - жиIащ Агзамов Ренат.

«Мы нэтыныр езгъэкIуэкIыну щысфIэфIым и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ ди къэралым и щIыналъэхэм щапщэфI лъэпкъ шхыныгъуэхэр къызэрысцIыхуар, я пщэфIыкIэр зэрызэгъэщIэр», - жиIащ Ивлев Константин.

Альбинэ жиIащ пщэфIэн зэрыфIэфIыр. Къыхигъэщащ «Битва шефов» нэтыным дихьэхыу зэрепIыар, абы хэтыну щIэзыхуэпсу зэрыщытар, ар къызэрехъулIам егъэлеяуэ зэрыщыгуфIыкIыр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Iэмал щхьэпэхэр, щапхъэхэр, гупсысэхэр

Мазаем и 10 - 13 махуэхэм Москва, Президент Академием и утым, щекIуэкI къэрал управленэмкIэ япэ дунейпсо конгрессыр. Абы хэтщ цIыху 1200-рэ - къэралым и Президентым и Администрацэм, УФ-м и Правительствэм я лIыкIуэхэр, депутатхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, хъэрычэтыщIэхэр, щIыналъэ унафэщIхэр, щIэныгъэлIхэр, щIалэгъуалэ пэрытхэр. Конгрессыр къызэрыгэпэщащ Президент Академием, абы къыкъуэуващ УФ-м и Правительствэмрэ Урысейм и Президентым и Администрацэмрэ.

КОНГРЕССЫР Iыхьитху гуэшауэ йокIуэкI. Абы къызэщIеубыдэ къэрал куулыкъур, бжыгъэхэм тету къэралым лэжьыгъэхэр къыщызэгъэпэщынырэ Iуэху-хэр къызэгъэпэщынырэ, щIыналъэ, муниципальнэ къалэнхэр, хъэрычэт Iуэхум политикэ и лъэныкъуэкIэ бгъэдыхьэныр; къэралыр цIыхубэм и зIуэгъэпщым зэрегупгъур; къэралыр зехьэным нэхъыщхьэу хэлъыр. Конгрессым куэду хэтщ егъэджэныгъэ программэхэр (процент 30), гулъытэ щхьэхуэ игъэотащ щIалэгъуалэ Iуэхум.

Къэрал куулыкъущIэхэм я конгрессым КъБР-м и лIыкIуэ щыIэщ Налшык къалэ администрацэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и управленэм и унафэщI Афэщагъуэ Анзор. Абы и интернет напэкIуэцIым къыщигъэлъэгъуащ Iуэху зыкъомкIэ щIалэгъуалэм тегъэщIауэ зэрекIуэкIыр. «Сессие щхьэхуэхэр хуэхъащ щIалэгъуалэ пэрытхэр гъэхъэзырыным, зэманым деkIуэ гупсысэ зэрыубыдахэр зиIэ, иджырей технологиехэм я пIалъэр зышIэ, цIыхубэр зыхуей-зышIэкIэр къызыгурыIуэ щIалэгъуалэ гъэсэным. БжыгъэхэмкIэ куэду щытопсэлъыхьэ конгрессым - цIыхухэр тыншыныкIэ зэхэр (бжыгъэхэр къызэрагъэщхьэпэным теухуа Iуэху епIыкIэхэр утыку кърахьэ», - етх абы. Афэщагъуэ Анзор къыхигъэщащ республикэм къэкIуэжмэ, конгрессым гу зыщыIыпита Iэмал щхьэпэхэр, щапхъэхэр, щIалэгъуалэм зегъэужьыныкIэ гупсысэхэр и лэжьыгъэм къыщигъэсэбэпыну зэримурадыр.

ГЪУЭТ Синэ.

Хьэмидейм и «Шабзэр»

Хьэмидей къуажэм (Тэрч район) дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и «Шабзэ» къэфакIуэ гупым япэ увыпIэр къыщихащ Краснодар къалэм иджыблагъэ къэрал куэдым я лыкIуэхэм хэту щекIуэкIа «Созвездие талантов» XI зэпеуэм.

КЪЭФАКIУЭХЭР илъэситI хъуауэ егъасэ Хьэпэ Артур. Уэзрыгушхунэ зэман кIэщым кIуриубыдэу апхуэдэ ехъулIэныгъэшхуэ гупым зэрызыIэригъэхьар.

Къэралым и щIыналъэ куэдым къикIахэр зэхуишэсат а фестиваль-зэпеуэм. Абы хэтахэм я Iэзагъэр къыщагъэлъэгъуащ щэнхабзэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм - циркым къыщыщIэдзауэ декоративно-прикладнай гъуэзджэм щыщIэкIыжу.

«IIабзэ» гупым хэт хъыджэбз 16-м зэпеуэм щагъэлъэгъуащ ди лъэпкъ къэфэкIахэм я дахагъэр. Абыхэм ягъэзэщIа «Лъапэрисэ» къафэрщ зэхъэзэхуэм «Цыхубэ-утыку къэфэкIэ» и Iыхьэм пашэ щыхъуар. КъэпщытакIуэхэр набдзэгубдзапIэу кIэлъыплъащ къэфакIуэхэм я утыку итыкIэм, зыIыгъыкIэмрэ Iэзагъэмрэ, фащэ къызэрыщыпсым.

«Шабзэ» ансамблым и унафэщI Хьэпэ Артур жеIэ хъыджэбзхэм зыIэрагъэхьа екъулIэныгъэр дэтхэнэри Iуэхум егугъуу, жэуапныныгъэ хэлъу зэрыбгъэдыхьам къыпэкIуауэ.

Гупым зыщаплъэкIыщ Галицкэм и цIэр зэрихьэу Краснодар щыIэ зыгъэпсэхупIэ цIэрыIуэми. Шэч хэлъкъым къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм мы гъэгуанэр ягу къыззринэжьыну.

Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм къызэрыхагъэщIри, апхуэдэ зэхъэзэхуэхэм щэнхабзэм зрагъэжьэу къудейкъым, атIэ щIыналъэхэм я зэпыщIэныгъэри езыгъэфIакIуэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

Самир и къэхутэныгъэхэр

АДЫГЕЙ. **Дунейм къытехьащ адыгэхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ теухуа «Адыги: горы, степь и этногенез на Северо-Западном Кавказе (Средние века - начало Нового времени)» тхылъыр. Ар и Iэдакъэщ IэкIуэ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ республикэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэ Хьэткъуэ Самир.**

МЫ ТХЫЛЪЫМ утыку кърехьэ купщIэ куу зыхэлъ къэхутэныгъэхэр, адыгэхэм я тхыдэ къуэпсэхэмрэ щэнхабзэмрэ зыхозыгъащIэхэр.

«Монографиер теухуащ адыгэхэм (шэрджэхэм) я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ сыт и лъэныкъуэкIи джыным. Абы къызэщIеубыдэ тхыдэр, хозяйствэ лажьэмрэ и щхьэхуэныгъэхэр, гъунэгъу лъэпкъхэм хуэдэ щэнхабзэ, дэз-политикэ зэпыщIэныгъэхэр», - щыжаIащ КIэрашэ Т.М. и цIэр зезыхь э институтым.

Тхылъыр хуэгъэпсащ тхыдэм, этнографием, щэнхабзэм пыща Iэщагъэлъэхэм, апхуэдэуи Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм дихьэх щIэджыкIакIуэхэм.

ЛIэщIыгъуэм щхьэдэхащ нэхъыжьыфIыр

АБХЪАЗ. **Хэку зауэшхуэм и ветеран Ласурие Алексей Екъуп и къуэм и ныбжьыр илъэси 101-рэ ирикъуащ маэм и 10-м.**

ЮБИЛЯРЫМ и деж кIуэри и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ Сыхъум администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Сурмандзе Автандил, Урысейм и посольствэ Абхъазым щыIэмрэ Мэзкуу и унэмрэ я лIыкIуэхэр.

Сурмандзе нэхъыжьыфIым иритыжащ Сыхъум къалэм и Iэтащхьэ Агъырбэ Тимур къыбгъэдэкI хъуэхъурэ сом мин 50-рэ.

Ласурие Алексей 1945 гъэм и накъыгъэм Берлин нэсащ икIи Рейхстагым и блиным Iэ щыщIидзащ.

Ветераным фIащащ «Сочэ къалэ щIыхь зиIэ и цIыху» цIэр.

ЗыгъэпсэхуакIуэхэр къыдехьэх

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Урысейм и къалэ мыинхэу туристхэр нэхъ дэзыхьэхэм ящыщщ Теберда курортыр. Ар къегъэлъагъуэ абы и хьэщIэщхэм къыщыувыIэну хуейхэу зезыгъэтхъэм я бжыгъэм, - къет «Авито Путешествия» сервисым.**

ТУРИСТХЭР здэкIуэну нэхъ къащтэ щIыпIэ мыинхэм я деж щыпэрытхэм ящыщщ Карелием и Сортавалэр, Краснодар крайм и Горячий Ключыр. А къалэхэм илъэс къэс къыдахьэх хьэщIэ мини 10-хэр.

Усть-Джегута яхэхуащ къалэ цIыкIуэу зи цIэрыIуагъэм псынщIэу хэхъуэхэм. Илъэсым къуриубыдэу абы къыщыувыIэну зезыгъэтхъэм я бжыгъэр процент 244-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

«Къалэ цIыкIуэм зыщаплъэкIыныр ижь илъэсхэм туристхэм нэхъ къащтэ хъуащ. Дэ дольагъу Урысейм щыпсэухэр я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ нэхъ зэрыдихьэхыр, здэкIуэнумрэ зыщаплъэкIынумрэ зэрызиубгъуэр», - жиIащ сервисым и унафэщI Кромочкин Артем.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

И усэхэр нобэми бзэ куэдкIэ мэлу

Усакlуэ уахътыншэ Пушкин Александр дунейм зэрехьэжьэ маэм и 10-м илъэсыр 189-рэ ирикъуащ. Налшык, абы и цIэр зезыхьэ уэрамым тет фэеплъым дежи, щызэхуэсат и тхыгъэхэм дахьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэр. Ар къызэрагъэпэщащ Взрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэмкlэ фондымрэ «Птица счастья» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтхэр абдеж къыщеджащ Пушкиным и усэхэм. Урыс лъэпкъ хабзэм тету, зэхуэсахэм къуалэбзухэм папщIэ хугу IэбжьыбэкIэ ирапхъащ, гу къабзэрэ псэ хьэлэлэрэ зиIэ усакIуэр зэрыщымыгъупщэм теухуа хъыбарыр ягъэIуным и нэщэнэу.

Зэхыхьэм екIуэлIахэм гукъэкIыжхэм щыпащащ Щэнхабзэмкlэ фондым. Абдеж «сыт сэркIэ Пушкиныр зищысыр?» упщIэ-жэуап щыкIэм тету, щызэпсэльащ, усакIуэм и Iэдакъэщ зиIэ усакIуэр зэрыщымыгъупщэм теухуа хъыбарыр ягъэIуным и нэщэнэу.

Зэхыхьэм екIуэлIахэм гукъэкIыжхэм щыпащащ Щэнхабзэмкlэ фондым. Абдеж «сыт сэркIэ Пушкиныр зищыс

● Пщэдей Радиом и дунейпсо махуэщ

Зыпэрыува IэнатIэм псэ хилъхьат

«Нобэ Радиом и дунейпсо махуэщ. Илъэс 40-кIэ гукIи псэкIи елIалIэу республикэ радиом щылэжьа си анэшхуэ АфIэунэ Рае и фэ изоплъ мы махуэм. Абы и макъыр щыIурт Къэбэрдей-Балъкъэрым и унагъуэхэм, ди лъэпкъэгъу адыгэхэр щыпсэу хамэ къэралхэм. И адыгэбзэ макъ гъэшэрыуэкIэм къигъэхъуапсэурэ Хэкум къришэлIэжащ адыгэ куэд». Мы псалъэхэр къитхащ АфIэунэ Рае и пхъурылъху, журналист пщащэ Битокъу Маринэ и интернет напэкIуэцIым. Мазаем и 13-р Радиом и дунейпсо махуэщ. АфIэунэ Рае и цIэр республикэ радиом епхащ, зэпэщхьэхуэу уи нэгу къыпхущIэмыгъэхьэн хуэдизу. ЩIэныгъэшхуэ, цIыхугъэ, псэ гуапагъэ, адыгагъэ, лъэпкъ гудзакъэ зиIэ бзылъхугъэр зыпэрыува IэнатIэм псэ хилъхьат. Ди радиом и насып къиихьат апхуэдэ лэжьакIуэ. Я насып къикIат Хэкум и джэ макъыр зи тхьэкIумэм ит ди лъэпкъэгъухэми. Хамэ щIыпIэхэм щикъуухьа адыгэхэм Хэкум и джэ макъыу къахущIэкIащ бзылъхугъэ макъ щабэр - Рае и макъыр...

АФIЭУНЭ Рае Бахъсэн щIыналъэм хиубыдэ Куба къуажэм къыщалъхуащ. И адэр граждан зауэм хэтащ. Рае щеджащ Налшык школ-интернатым. Ар къэухащ иужькIэ щIэныгъэм, гъуазджэм, щэнхабзэм зезыгъэужьа цIыху щэджащэ куэдым. ИужькIэ МГУ-м журналистикэмрэ филологиемкIэ и къудамэм щIэтIысхьэри, ехъулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьащ.

АфIэунэ Рае «СССР-м и телевиденэмрэ радиомрэ и отличникщ», РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. Ди республикэм и радиом едаIуэхэм фIыуэ ялъагъу, гуапэу ягу къагъэкIыж. Абы и закъуэкъым - хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм пщIэшхуэ хуащI Рае и цIэм, и IуэхущIафэхэм, и лэжьыгъэм.

1960 гъэм телевиденэм сабий нэтынхэр зыгъэхьэзыр редактору щыщIэзыдза АфIэунэр 1964 гъэм радиом ирагъэблэгъащ. Илъэсипл дэкIри, редактор нэхъыщхьэ ящIащ, адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ ягъэхьэзыр радионэтын псори и нэIэ щIэту. 1969 гъэм япэу къатащ Рае адыгэбзэкIэ игъэхьэзыра «Iэдииху» радиожурнал нэтыныр. Абы къыщаIэтырт адыгэ унагъуэм теухуа Iуэхугъуэхэр: зэщхьэгъусэхэм я зэхуаку дэлъ нэмысым, нысэр гуащэмрэ тхьэмадэмрэ зэрахущытыпхъэм, нысащIэм игъуэт гулъытэм, нэгъуэщIхэми. Радиожурналыр цIыхубэм я гум дыхьауэ, и зы къэтыгъуи бламыгъэкIыу едаIуэрт, радиом и хэщIапIэм псалъэрт, тхэрт, хъуахъуэхэрт. Нэхъ иужькIэ езы радиощIэдэIухэр нэтынхэм ирагъэблагъэурэ къагъэпсалъэу щIадзащ, жылагъуэр зыщыгуфIыкI, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр къыщаIэту.

Илъэсипщ1 дэкIри, «Iэдиихум» и фIэщыгъэр яхъуэжащ. ЦIыхухъухэм я лъэIукIэ абы фIащащ «Жьэгу пащхьэ». Иджы радиожурналым къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэр нэхъыбэ хъурт, цIыхухъухэм я псалъи абы халъхьэрт. ИпэжыпIэкIэ, радиор кIуапIэ яхуэхъуат куэдым. 1990 гъэм зэгуэр радиожурналым зэрихьа цIэр Рае фIищыжащ къызэригъэпэща бзылъхугъэ хасэм.

АфIэунэ Рае ядэлэжьащ союзпсо радиом и нэтынхэу «Юность», «Земля и люди», «Пионерская зорька» жыхуиIэхэр зыгъэхьэзырхэм.

1990 гъэм щегъэжьауэ радиом хабзэ дахэ иIэ хъуащ. Тхьэмахуэ махуэм, сыхьэт 21.30-м хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм папщIэ адыгэбзэкIэ къэпсалъэрт. Сирием, Иорданием, Тыркум, Мысырым, Австралием къикI тхыгъэхэр кърагъэхьырт - ахэр къабгъэдэкIырт Хэкум щIэгупсыс ди лъэпкъэгъухэм. ИпэжыпIэкIи, Хэкум иIукI адыгэбзэ къабзэр абыхэм зыхащIат фIыгъуэшхуэу, нэплъэжыгъуэ гуэр ягъуэта хуэдэу. Лъэпкъ гурыгъузым хэт адыгэхэм хамэ къэралхэм щагъэвырт я гуауэр. АтIэ АфIэунэ Рае и макъым игъэудэIужырт абыхэм я лъэпкъ гукъеуэр.

Куэдым радиор фIыуэ ялъэгъуащ Рае и фIыгъэкIэ. Лъэпкъым я гум фIыкIэ укъинэныр псэм и зэфIэкIщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Лэжьыгъэмрэ хъуэпсапIэмрэ щызэтехуэкIэ...

ГъащIэр щымамырми зэман нэхъ гугъухэми радиор цIыхум сыт щыгъуи и сэбэпу къекIуэкIащ, хъыбар Iэригъэхьэу, игур къызэщIигъэушэу. Гъэ къэс мазаем и 13-м ягъэлъапIэ Радиом и дунейпсо махуэр. Ар 1946 гъэм, япэ дыдэу «Радио ООН»-р эфирым къиихьауэ щыщытам, трагъэхуащ, ауэ езы махуэшхуэр, къапщтэмэ, зэрагъэлъапIэрэ куэд щIакъым, илъэс пщыкIущ хъууэ аращ.

Бжыгъэ технологиехэм я лIэщIыгъуэм цIыхухэм я зэпыщIэныгъэм и Iэмал нэхъ ин дыдэу радиор къонэж, иджырей IэмалыщIэхэм дэгъуэгурыкIуэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиовещанэм и тхыдэр къыщежьэр 1923 гъэрщ. Абы щыгъуэм Налшык щаутIыпщат «Радиоволна» жыхуаIэр. 1927 гъэм накъыгъэм и 1-м Къэбэрдей-Балъкъэрым езым и радиовещательнэ станц («Малый Коминтерн») игъуэтащ. Республикэ псом макъ зыгъэIуу 18 щагъэуват. Накъыгъэм и 19-м къуажэхэмрэ станицэхэмрэ япэу щIыпIэ къыхуеджэныгъэхэр къыщыIуащ икIи дикторым «Псалъэр Налшыкщ» и япэ макъыр зэхахащ. Абдеж щегъэжьауэ адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи щIэх-щIэхыурэ къэпсэлъэн щIадзащ. Радиом и тхыдэм игъащIэкIэ къыхэнащ япэ дикторхэу Безрокъуэ Хужь, Багъэтыр Аркадий, Рахаевэ ФатIимэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Нобэ абыхэм я лъэужьым ирокIуэ радиожурналист ныбжьыщIэхэр. Илъэсиблым нэблэгъауэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» радиом жыджэру щылажьэхэм ящыщщ КъБКъУ-м журналистикэмкIэ и къудамэр къэзыуха Сыжажэ Алинэ. Абы нэтын зэмылIэужьыгъуэхэр ирегъэкIуэкI, волонтёрхэм, ухуакIуэхэм къыщыщIэдзауэ зыплъыхьакIуэхэм я деж щыщIэкIыжу радиом иригъэблагъэу, мыхьэнэ зиIэ IуэхугъуэшхуэхэрI къаригъэIэту.

Нобэ радиом и Iуэху зыIутым, зэрызауэжьым тедгъэпсэлъыхьыну Алинэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ. Псом япэу езыр радиом пыщIа зэрыхъуам теухуауэ къыджеIэ:

- Сигу къэкIыртэкъым зэгуэр радиом и лэжьакIуэ сыхъуну, уеблэмэ журналистикэ къудамэм сыщыщIэсми. Ауэ сыт щыгъуи сыщIэхъуэпсу щытащ дохутыр IэщIагъэм. Иджы лэжьыгъэ схуэхъуари си хъуэпсапIэри зы лъэныкъуэкIэ зэтехуэжауэ къызолъытэ, згъэхьэзыр «Интервал QT» нэтыныр медицинэм теухуауэ щытщи. Радиом сыщылажьэурэ, махуэ къэс цIыху гъэщIэгъуэнхэр къэзгъэпсалъэурэ мы IэнатIэр гукIи псэкIи фIыуэ слъэгъуащ, икIи сэркIэ лъапIэщ.

- Сыт хуэдэ нэтынхэр ебгъэкIуэкIрэ? Сыт ахэр зытеухуар?

- «Дуней тетыкIэ», «ФIымрэ уахъты зимыIэмрэ» къыдэкIыгъуэхэр согъэхьэзыр. Апхуэдэуи си лэжьэгъухэм я гъусэу, радиомкIэ къыдот «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарыщIэхэр, «ПщIэну щхьэпэщ» нэтыныр. Псом хуэмыдэжу сфIэфIыр цIыхум и узыншагъэр зэрихъумэным теухуауэ зи гугъу сщIа «Интервал QT» нэтыным медицинэм и IэщIагъэлI нэхъыфI дыдэхэр къыщезгъэблагъэрщ. Къысхуэмыгъэсу дэтхэнэми сыпоплъэ, езым, и IэнатIэм, сэбэп зэрыхъум теухуауэ интервью зэрыдезгъэкIуэкIынум. Дытопсэлъыхь Iуэхугъуэ щхьэпэ куэдым: цIыхум япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрептынум, узыншагъэм утеплъэкъукI зэрымыхъунум, узыфэр пасэу къызэрыпхутэфыну Iэмалхэм, нэгъуэщIхэми.

Нэтыныр зытедухуэнур къыдэдаIуэхэм къыщыджаIи щыIэщ, «мыпхуэдэ Iуэхугъуэм фытепсэлъыхьарэт» жаIэу. КъыкIэлъыкIуэ нэтыным ахэр зыщIэупщIа Iуэхум и жэуапыр щыщызэхахкIэ, сыт хуэдэу гуапэ ящыхъурэ. Языныкъуэхэр, уеблэмэ къопсалъэ, радионэтыным и фIыгъэкIэ я гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьар къыхагъэщу. Апхуэдэхэм деж зыхыбощIэ цIыхум зыгуэркIэ щхьэпэ узэрыхуэхъур, абы нэхъыфIыжу уи IэщIагъэр уегъэлъагъу.

- Уи эфирым и хьэщIэхэм я гугъу уэзгъэщIынут?

- Абы зы е зыбжанэ къыхэбгъэщхьэхукIыфынукъым. ГъэщIэгъуэнщ дэтхэнэми удэлэжьэну. ПщIэшхуи яхузощI, ахэр зыIут IэнатIэхэр зэрырагъэфIакIуэм папщIэ. Ди нэтынхэр зэрызэмыщхьым и зы щапхъэ къыпхуэсхьынщ. Къалэ сабий гъэсапIэхэм ящыщ зым и гъэсакIуэм интервью къеIысхырт. ДыщызэпсалъэмI, сыщымыгуфIыкIынкIэ Iэмал имыIэу, абы и дэтхэнэ псалъэми къыхэщырт и лэжьыгъэми сабийми яхуиIэ лъагъуныгъэр.

Апхуэдэ дыдэу дин IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэми сепсэлъэну сфIэфIщ. ФIыуэ дызэрылъагъуным, гуапэу дызэхущытыным, зыхузэфIэмыкIым дэIэпыкъуэгъу дыхуэхъун зэрыхуейм мыхьэнэшхуэ зэриIэр ягу къыдогъэкIыж апхуэдэ ди нэтынхэмкIэ. Зыщыдгъэгъупщэхъунукъым языныкъуэми псалъэ къудейкIэ зыгуэрым дызэрыдэIэпыкъуфынур.

- Ди зэманым радиом и мыхьэнэр сыт хуэдэу плъагъурэ?

- Япэрауэ, нэхъыжьхэм дежкIэ радиом едэIуэныр нэхъ тыншщ. ЕтIуанэрауэ, радиом къалэн куэд егъэзащIэ: узэредаIуэм хуэдэу, уи Iуэху зепхуэжынуи абы Iэмал къует.

- ХъыбарегъащIэ Iэмалхэм кIуэ пэтми зэрызаужьым къыхэкIыу, радио лэжьакIуэм и IэщIагъэр жьы хъункIэ утешыныхьыркъэ, Алинэ?

- Абыи семыгупсысауэ схужыIэнукъым. СыкъызытеувыIар мыращ: къэхъунум сыхуэмыпIащIэу, иджыпсту сфIэгъэщIэгъуэным селэжьынырщ.

- Алинэ, уэ езым зэрыжыпIащи, къывэдаIуэхэм фи чэнджэщхэр куэдрэ къагъэсэбэп. Абы теухуауэ жэуаплыныгъэ зэрыфхьэри зыхэпщIэу къыщIэкIынщ?

- Ар шэч зыхэмылъщ. Си дежкIэ, си лэжьэгъухэми хуэдэу, мыхьэнэшхуэ зиIэр къыдата хъыбар псори пэжу, щхьэпэу щытынырщ. Эфирым фIыуэ зыхэдмыщIыкI, хъыбар нэпцI зэи дгъакIуэркъым. Мы зэманым радиом и лэжьакIуэхэр псори зэгъусэу догупсыс иджыри къыхэдгъэхьэну нэтын щхьэпэхэм.

- Уи IэщIагъэм къищынэмыщIа, сытым иджыри удихьэхрэ?

- ЛэжьапIэм сыщымыIэмэ, зыгуэр Iэмал имыIэу сопщэфI, псом хуэмыдэу тхьэвым къыхэщIыкIауэ. Лъэпкъ, щэнхабзэ зэхуэмыдэхэр щызэхэухуэна унагъуэм сыкъыщалъхуну си насып къиихьати, иджы шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрапщэфIыр сфIэгъэщIэгъуэну зызогъащIэ.

- Упсэу Алинэ. Тхьэм уригъэфIакIуэ!

Епсэлъар
БАГЪЭТЫР Луизэщ.

И нэгум нур кърихыырт

УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБКъУ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я этнологиемрэ тхыдэмкIэ, журналистикэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, УФ-м Дзэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и действительнэ член, Бзылъхугъэхэм ехьэлIа тхыдэ къэхутэныгъэхэмкIэ Урысей зэгухьэныгъэм и хасащхьэм хэт - лъэпкъ еджагъэшхуэ ТекIуий (Битокъу) Мадинэ Анатолэ и пхъур (1959 - 2025) хуэфащэ дыдэу зыпэрыта къулыкъу лъагэхэщ, бгъэдэлъа щIэныгъэфIым къыпэкIуа щIыхьыцIэ лъапIэхэщ а псори. Абыхэм ящIыгъупхъэщ куэдым къаззэрыщхьэщыкIыу Мадинэ хэлъа зэхэщIыкI куум, цIыхугъэшхуэм, и гу къабзэмрэ псэ нэхумкIэ къилэжьа жылагъуэ гулъытэмрэ лъагъуныгъэмрэ щыхьэт техъуэ фэеплъ псалъэ дахэхэр.

ЦIЫХУМ бгъэдэлъыфыну зэфIэкIхэмрэ щэнхэмрэ я фIыпIэмкIэ КъытщхьэщытыIр къыхуэупсауэ, и гъащIэр ирихьэкIащ ТекIуий Мадинэ. Псэужамэ, нобэ, мазаем и 12-м, а бзылъхугъэ щыпкъэм хуагъэлъэпIэнут къыщалъхуа махуэщIыр. Мыгувэуи илъэс ирикъунущ зи нэгум нур кърихыу щыта Мадинэ дахэ дунейм зэрехыжрэ...

Ди лъэпкъ хабзэм, щIэблэ гъэсэкIэм, щIэныгъэм гулъытэ хэхарэ пщIэрэ щигъуэту къекIуэкIа адыгэ унагъуэ дахэм къыщыхъуащ Мадинэ. Абы и адэ ТекIуий Анатолэ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъа лъэпкъ еджагъэшхуэт. И анэ АфIэунэ Рае ди республикэми къэралми щыцIэрыIуэ журналист Iэзэу щытащ. Апхуэдэ адыгэ унагъуэ екIум щапIа, щагъэса цIыхум и гумрэ и псэмрэ дахагъэм, фIым, щIэ гуэр къэщIэным хуэгъэпсауэ щытщ, дауи. Мадини апхуэдэт. Курыт школыр фIы дыдэу къиуха нэужь, пщащэ цIыкIур лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым. Студент илъэсхэр ирихьэкIащ купщIафIэу, Iуэхугъуэ хьэлэмэт куэдкIэ гъэнщIауэ. А илъэсхэм ирохьэлIэ Мадинэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэм щыдихьэха, щIэныгъэ куум иужькIэ хуэзыша лъагъуэм щытехьа зэманыр.

1980 гъэм ТекIуийм еджэныр къиухащ, пщIэрэ щытхъурэ пылъу. Пщащэм бгъэдэлъ зэчийм гу лъызыта егъэджакIуэхэм я жэрдэмкIэ, Мадинэ университетым увауэ щытащ икIи бгъэдэлъ щIэныгъэм хигъэхъуэн мурадкIэ, и еджэным аспирантурэм щыпищащ. Егугъуу игъэхьэзырри, абы ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ и кандидат диссертацэр. Абы къыщиIэта Iуэхугъуэхэм ТекIуийм иужькIэ нэхъ кууужу зыщригъэужьащ 2007 гъэм утыку кърихьа и доктор диссертацэм. ЩIэныгъэ дунейм пщIэшхуэ щызыгъуэта лэжьыгъэхэм халъытащ ар. Мадинэ ари щытхъушхуэ иIэу пхигъэкIри, «тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

И IэщIагъэмрэ бгъэдэлъ щIэныгъэмкIэ адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэр ди республикэми ди къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэми цIэрыIуэ щыхъуат. ТекIуийр илъэс 45-м нэскIэ щIэныгъэ IэнатIэм пэрытащ. А зэман кIыхьым къриубыдэу абы зы щIэблэкъым щIэныгъэ гъуэгум тригъэувар, гъащIэм лъэ быдэкIэ хэтыфыну IэщIагъэлIу иригъэджар. ЕгъэджакIуэ нэхъыжьу лэжьэн щIэзыдза Мадинэ нэсыфащ университетым и профессор, кафедрэм и унафэщI къулыкъу лъагэхэм. Апхуэдэ пщIэшхуэр, гулъытэр егъэджакIуэ гумызагъэм, къэхутакIуэ емызэшым къихьащ бгъэдэлъ зэфIэкIымрэ жыджэрагъымкIэ, зыпэрыт IэнатIэмкIэ зыхищIэ жэуаплыныгъэмрэ и IэщIагъэм хуиIэ лъагъуныгъэ мыкIуэщIымкIэ.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм къыдэкIуэу, ТекIуийм дапщэщи иригъэкIуэкIащ сыт щыгъуи дэзыхьэхыу къекIуэкIа къэхутэныгъэхэр. Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я этнографием, тхыдэм тещIыхьа а лэжьыгъэ купщIафIэхэр щIэх-щIэхыурэ къытрадзэрт республикэ газетхэм, Москва, Налшык, Тэн Iус Ростов, Армавир къалэхэм къыщыдэкI журнал цIэрыIуэхэм, нэгъуэщI щIэныгъэ къыдэкIыгъуэхэм. Еш имыщIэу иригъэкIуэкI къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр къыщызэщIикъуэж тхылъхэм, щIэныгъэ статья щхьэхуэхэм ящыщ куэд Мадинэ триухуащ адыгэ цIыхубзым жылагъуэм, унагъуэм щиIа увыпIэм, пщIэмрэ нэмысымрэ, бгъэдэлъ къалэнхэмрэ зэфIих лэжьыгъэхэмрэ. Абыхэм яхэтт нэгъуэщI зыгуэри зытемыгушхуэн Iуэхугъуэхэу унагъуэм илъ зэхущытыкIэхэм, псэуныгъэмрэ ажалымрэ я философием ехьэлIахэр. ТекIуийм и къалэмыпэм къыпыкIа дэтхэнэ лэжьыгъэри щIэныгъэ лъабжьэ зиIэ къыдэкIыгъуэт, бзэ дахэкIэ, шэрыуэкIэ, удэзыхьэхкIэ тхауэ.

Нэгъабэ и гъатхэпэ мазэм и пэщIэдзэм ТекIуийр дунейм ехыжащ. Дауи, ар гущIыхьэ ящыхъуащ куэдым. Мадинэ фIыкIэ ягу къинащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщыдэлэжьахэм, ныбжьэгъуу иIахэм, иригъэджа щIалэгъуалэм, гъуэгу захуэ тригъэува щIэныгъэлI ныбжьыщIищэхэм. Шэч хэмылъу, хьэлъэ дыдэт а хэщIыныгъэр Битокъухэ я унагъуэм исхэмкIи: щхьэгъусэм, бынхэм, абыхэм къащIэувэ щIэблэм я дежкIэ. Апхуэдэт а гуауэр бзылъхугъэр къыщыхъуа ТекIуий лъэпкъымкIи.

ТекIуий Мадинэ и хьэлырати, зыцIыхуу щыта дэтхэнэми, лэжьэгъурэ ныбжьэгъуу иIахэми, зэ фIэкIа зримыхьэлIахэми - псоми я гъащIэм нэхугъэ гуэррэ гуапагъэрэ хэзылъхьэу къекIуэкIащ. Адыгэ бзылъхугъэ нэсым и щапхъэ дахэу дунейм тета ТекIуий Мадинэ Анатолэ и пхъум, еджагъэшхуэм, ныбжьэгъу пэжым, лэжьэгъу икIи унафэщI щыпкъэм, щхьэгъусэфIым, анэ щабэм, шыпхъу гумащIэм, анэшхуэ IэфIым, и ахърэтыр дахэ Алыхьым ищI.

И адэ-анэу ТекIуий Анатолэрэ АфIэунэ Раерэ хуэдэу, нэхугъэ гуэр къыпкърыкIыу, ар адрейхэм гъуэгугъэлъагъуэ яхуищIу псэуащ Мадинэ. Зи нэхумрэ хуабагъэмрэ куэдым ялъэзыгъэIэсыфа бзылъхугъэ щыпкъэм и лъэужьыр куэдрэ хремыгъуащэ. Мадинэ и вагъуэр куэдрэ нуру яхуреблэ къыщIэна унагъуэм исхэм, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Лъэныкъуэ куэд къызэщIаубыдэ

КъБКъУ-м и студентхэр гуапагъэрэ хуабагъэкIэ гъэнщIа Iуэху дахэм и жэрдэмщIакIуэ хъуащ тхьэмахуэ кIуам.

УНИВЕРСИТЕТЫМ уэрэдымрэ къафэмкIэ и «АмикС» театрым и артистхэр, «Къафэ» ансамблым и солистхэр, ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрым щыщ щIалэгъуалэмрэ егъэджакIуэхэмрэ щыIащ Жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ щапIыж унэу Налшык къалэ дэтым. Студентхэм бысымхэм хуагъэхьэзырат концерт программэ, уэрэдхэр жаIащ, къэфащ.

Къахуеблэгъахэм щыгуфIыкI нэхъыжьыфIхэми я хьэщIэхэм зыкъыкIэрагъэхуртэкъым: микрофоныр яIыгъыу уэрэджыIакIуэхэм ядежьут, чэзууэ утыкум къыщыфэрт.

Интернатым кIуахэм пхъэщхьэмыщхьэхэмкIэ, IэфIыкIэхэмкIэ, лъэпкъ шхыныгъуэхэмкIэ бей Iэнэ къаузэдащ, дадэхэмрэ нанэхэмрэ ягъэтхъэжащ.

IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэмрэ щыпсэухэмрэ КъБКъУ-м къикIахэм фIыщIэ хуащIащ я гулъытэм, гукъэкIым, гумащIагъым папщIэ.

«Хуабжьу махуэ дахэ щыдгъэкIуащ интернатым, дызыхуэзахэр цIыху угъурлы защIэт. ГъащIэм щытыкIэ гугъу иригъэува дадэхэмрэ нанэхэмрэ апхуэдэ гукъыдэж зэраIэр умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Ахэр къытщыгуфIыкIащ, дэри, зэрыхузэфIэкIкIэ, я гур хэдгъэхъуащ», - жиIащ «АмикС» гупым и унафэщIхэм ящыщ зы Къул Ланэ.

* * *

Мы махуэхэм университетым щекIуэкIащ студентхэм къыхаха IэщIагъэмкIэ я зэфIэкIыр, къызэраух лэжьыгъэр утыку къыщрахьа гъэлъэгъуэныгъэ. Абы унэ кIуэцIым и дизайным ехьэлIа проект зэмылIэужьыгъуэхэр, уней псэупIэхэр, фэтэрхэр, кафехэр, офисхэр, щэнхабзэ центрхэр зэрызэлъыIупх хъунухэр щагъэлъэгъуащ.

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, студентхэм къызэхуэсахэм я пащхьэ кърахьащ графикэ дизайным ехьэлIа проект гъэщIэгъуэнхэр. Абыхэм иджырей технологиехэр IэкIуэлъакIуэу къыщыгъэсэбэпат. Аттестацэ комиссэм и унафэщI, Кубань къэрал университетым Архитектурэмрэ дизайнымкIэ и факультетым и декан, профессор Зимина Ольгэ къызэрыхигъэщамкIэ, студентхэм я Iэзагъымрэ гупсысэкIэмрэ зэрылъагэр къагъэлъэгъуащ, я лэжьыгъэхэми наIуэ къащIащ дизайн IэщIагъэм зыужьыныгъэ зэригъуэтар.

- Дэтхэнэ лэжьыгъэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ, художественнэ гъэпсыкIэ хэха иIэт. Псом хуэмыдэу гукъинэж сщыхъуащ унэ кIуэцIым и дизайным теухуа проектхэр, студентхэм къагъэлъэгъуащ эстетикэмрэ тыншыгъуэмрэ зэрызэщIыбгъуфыр, унэ езыгъэщIхэр зыхуей-зыхуэфIхэр Iуэхум къызэрыхалъытэфыр. Сыщогугъ щIалэхэм а проект гъэщIэгъуэнхэр гъащIэм хапщэну, цIыхубэм я деж щIэупщIэ щаIэну, - къыхигъэщащ Зимина Ольгэ.

Абы егъэджакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ студентхэр фIыуэ зэрагъэхьэзырам папщIэ. АрхитектурэмкIэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкIэ институтым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Султановэ Iэминат жиIащ аттестацэ комиссэм еджапIэр къэзыуха зыбжанэм я еджэным магистратурэм щыпащэну чэнджэщ зэраритар. «Дэ дыщогугъ ди еджакIуэхэм къыхаха IэщIагъэмкIэ IэнатIэ къагъуэтыну, я лэжьыгъэхэмкIэ цIэрыIуэ хъуну», - жиIащ Султановэм.

Гъэлъэгъуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэт дяпэкIэ IэнатIэ пэрывэну дизайнер ныбжьыщIэхэм я дежкIэ, абыхэм я проектхэр жылагъуэм я пащхьэ къихьэным и пIалъэри къащIащ.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Зэкъуэтыныгъэ лъэщ

«Дэ Iуэху хэхам хэтхэр «къуэш» псалъэмкIэ зэрызэджэжым къегъэлъагъуэ Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэ лъэщыр», - щыжиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр къыщызэIуах зэIущIэм.

УРЫСЕЙМ и УнафэщIым къыхигъэщащ ди къэралым щыпсэу лъэпкъхэр сытым щыгъуи зэкъуэту икIи зэакъылэгъуу къызэрызэдэгъуэгурыкIуэр икIи ягу къигъэкIыжащ Бонапарт Наполеонрэ Гитлер Адольфрэ я дзэхэр къыщыдэбгъэрыкIуами, зылI и быну абыхэм зэрапэщIэувар.

«Абы щыгъуэм Урысейм и щIыналъэм къихьат тыншу мылъкур, унафэр зыIэщIэлъхьэным, псори зэтекъутэным, я нэм къыфIэнэр зыIэрыгъэхьэным зэрыхущIэкъум зэкъуигъэува, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIа дзэхэр. Дэ дызэкъуигъэуващ псоми ди зэхуэдэ ди щIыналъэр, ди унагъуэхэр, ди щэнхабзэр, ди хабзэхэр хъумэным дызэрыхуэпабгъэм. Мис апхуэдэ зэкъуэтыныгъэрщ нэхъ лъэщри нэхъ къарууфIэри», - жиIащ къэралым и Iэтащхьэм.

Гъавэ бэвым и нэщэнэщ

Мы щIымахуэм уэсышхуэ къызэресам бжьыхьэм гъавэ бэв къыдэкIуэнкIэ гугъэшхуэ зэраIэр жиIащ Мэкъумэш страхованэмкIэ лъэпкъ зэгухьэныгъэм и унафэщI Биждов Корней.

«УЭСЫР куэду щIым къызэрытрилъхьар уэгъум ущызыхъумэ IэмалыфIщ. ЩIыгулъым псыIагъэ хъарзынэ игъуэтащ. Ауэ языныкъуэ щIыналъэхэм, щIы щхьэфэр пIалъэ кIыхькIэ тещтыкIауэ зэрыщытым къыхэкIыу, бжьыхьэсэ гъавэр щIыIэм хисхьэнкIэ шынагъуэ щыIэщ. Апхуэдэуи абы щхьэусыгъуэ хуэхъунущ дунейм и хуабагъымрэ и щIыIагъымрэ псынщIэу зэрызызэблахъур, щIы щхьэфэр зэм къэвыжу зэм зэщIэщтхъэу зэрыщытыр», - жиIащ абы.

Апхуэдэу щытми, Биждовым къызэрилъытэмкIэ, гъавэ бэв къыдэхъулIэныр нэхъыбэу зэлъытыжар уэсыр зэрыткIужынум и псынщIагъымрэ гъатхэм дунейм и щытыкIэнумрэщ.

Мазаем и 12, *махуэку*

♦**ЩIэныгъэмрэ гуманизмэмрэ я дунейпсо махуэщ**
♦**1929 гъэм** Налшык щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ курорт хъуащ.
♦**1957 гъэм** Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу Налшык телевиденэм лэжьэн щыщIидзащ.
♦**1884 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыпсэуа адыгэ тхакIуэ, дунейпсо литературэм и классикыу къалъытэ **Хьэткъуэ Умар (Омер Сейфеддин)**.
♦**1944 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэшэж Иннэ**.
♦**1948 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэу щыта, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист **Мэремыкъуэ Хъусен**.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-м профессиональнэ щIэныгъэмкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТекIуий Мадинэ**.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 5, жэщым щIыIэр градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Мазаем и 13, *мэрем*

♦**Радиом и дунейпсо махуэщ**
♦**1908 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей АССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу 1951 - 1957 гъэхэм щыта **Лъостэн Чэлимэт**.
♦**1945 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъыдэ Валерэ**.
♦**1954 гъэм** къалъхуащ Израилым щыпсэу жылагъуэ лэжьакIуэ, дзэ къулыкъущIэу, Рихьэние къуажэм щыIэ Адыгэ музейм и унафэщIу щыта **Хъун ЩэукъуиЙ**.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым градус 0 - 1 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихуэжынущ.

Дыгъуасэ
Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 23-рэ. Абыхэм ящыщу 7-р хъыджэбз цIыкIущ, 16-р щIалэщ. Мазаем зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 277-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1072-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ХъумпIэцIэджыр бзум зыпищIыжу лъатэри, къуанщIэм ишхащ.

● КIэщIу

Джэгупlэ Iэхуитлъэхуитхэр

«Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэмрэ «Зыуэ щыт Урысей» лъэпкъ программэмрэ япкъ иткIэ, Май щIыналъэм и Александровскэ станицэм иджырей сабий джэгупIэ Iэхуитлъэхуит мы гъэм щаухуэнущ.

ХЪЫРИНЭХЭР, каруселхэр, иджырей спорт утыкухэр, сабий джэгупIэхэр абы хэтынущ. ИхъуреягъкIэ мэз жыг цIыкIухэр щыхасэнущ, тетIысхьэпIэхэр, кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэр щагъэувынущ, иджырей уэздыгъэхэри щыпадзэнущ.

Дунейм зэрызиIэтыжу лэжьыгъэхэр ирагъэжьэнущ икIи дызэрыт илъэсым и кIэхэм зэфIагъэкIынущ.

Пэхуэщlэхэм я фlыгъэкlэ

«ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «Къалэдэсхэм я тыншыпIэр къызэгъэпэщын» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Прохладнэ щIыналъэм и Янтарнэ, Прогресс къуажэхэм цIыхухэр куэду щызэхуэс я щIыпIэхэр зэIузэпэщ ящIащ илъэс блэкIам.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIа щIыпIэхэр псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 800-м ноблагъэ. Абыхэм щаухуащ сабий джэгупIэхэр, спорт утыкухэр, лъэс лъагъуэхэр, зыгъэпсэхупIэхэр. Апхуэдэуи, иджырей уздыгъэхэр щыпадзащ, тетIысхьэпIэхэмрэ кIэрыхубжьэрыху идзыпIэхэмрэ щагъэуващ.

Прохладнэ щIыналъэм щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ я тыншыпIэр къызэрагъэпэщу апхуэдэ лэжьыгъэхэр етIанэгъэ щрагъэкIуэкIынущ Къэрэгъэш, Прималкинскэ къуажэхэм.

Хэлъэтхэм зыщрагъэужь

«Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Бахъсэн къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэу тIу къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ мы гъэм. Ахэр зэхьэзэхуэм щытекIуа, къэрал субсидие зратынухэм яхэхуа Бахъсэн къалэм дэтымрэ Дыгулыбгъуей къуажэм КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэм и уардэунэмрщ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ трагъэкIуэдэну ахъшэр псори зэхэту сом мелуани 8,163-рэ мэхъу. Мылъкур трагъэкIуэдэнущ уардэунэхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыным, щIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творческэ хэлъэтхэм зегъэужьынымкIэ щэнхабзэ-егъэджэныгъэ центрхэр абыхэм къыщызэIуххыным, нэгъуэщIхэми.

ЩэнхабзэмкIэ уардэунитIым иджыпсту зыщагъасэ сабий 2300-м щIигъум.

НАУРЫЗ Мысост.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

«Шэрыб плъыжьыр» ягу къагъэкIыж

Франджым и къалащхьэ Париж илъэс 70 ипэкIэ, 1956 гъэм щытрахауэ щытащ псалъащхьэм зи фIэщыгъэр щыфлъагъу фильмыр. ГъащIэ кIэщIу къыщIэкIа абы и режиссёр Ламорис Альбер (1822 - 1970) гъуазджэм щикIуа гъуэгуанэр мыкIыхь дыдэми, и Iэдакъэщ IэкIхэр нобэми цIыхубэм ягу ихужыркъым.

«ШЭРЫБ плъыжьыр» фильм кIэщI жыхуаIэхэм хабжэ, зэрекIуэкIыр дакъикъэ 34-рэщ. Зыгуэрк Iэ Чаплин Чарли щыджэгуахэр уигу къигъэкIыжу, теплъэгъуэм уэршэрышхуи зэпсалъэ куэди хэткъым. Псори щекIуэкIыр Париж къалэм и уэрам фагъуэхэрщ, щIалэ цIыкIум IэщIэлъ шэрыб плъыжьыбзэр нэм зыри къыщыфIэмынэ гъащIэ зэшыгъуэм къыхэлыдыкIрэ гур къригъэлъэту. Роль нэхъыщхьэр зыгъэзащIэр режиссёрым и къуэ, илъэси 6 фIэкIа мыхъу Ламорис Паскалщ.

Фильмыр зэрыцIэрыIуэм нэмыщI, зэрагъэуврэ лъэныкъуэ куэдкIэ зыпащIыжащ, абы хэт хуабагъыр, дахагъэр, кууагъыр къагъэлъэгъуэну хэту. Сыт хуэдэ мыхьэнэ атIэ режиссёрым щIилъхьар шэрыб плъыжьыбзэр лIыхъужь нэхъыщхьэ зыхуищIа фильмым?

ЗэхэлъхьэкIэр къызэрыгуэкI дыдэщ. ЩIалэ цIыкIум пкъо гуэрым зи кIапсэр фIэна шэрыб плъыжьыр къыфIехри, ар зэриIыгъым хуэдэу, еджапIэм макIуэ. Автобусым щитIысхьэкIэ, ар еутIыпщ, зэрамыдэнум къыхэкIыу, арщхьэкIэ езы шэрыбым псэ хэту, щIалэ цIыкIум хьэ гъэсам ещхьу къыкIэрыпщIауэ къыщIокIри, здыщIамыгъэхьэ школми, унэми, члисэми, автобусми я гупэм деж къыщыпэплъэу, а тIур зэныбжьэгъу мэхъу. Сыт шэрыбыр зи дамыгъэр? Паскаль и классэгъухэм къефыгъуэн зэрыщIадзам, дауэрэ ящIми, а шэрыбыр IэщIагъэкIыу къамыгъэуэнкIэ Iэмал зэримыIэм хуит уещI абы сыт хуэдэ мыхьэнэри иупхыну. Ар щхьэж езым ихъумапхъэ и насыпрауи жыпIэ хъунущ, гум щыбгъафIэ гурыфIыгъуэ щэхуу къыщIэкIынкIи мэхъу. ЦIыху къэс бгъэдэлъ дахагъэ гуэру къапщтэми, уэ езым уейуэ къэплъытэ сыт ищIысми узэрыхуэпэжрауэ бгъэувми, абы къыбгъэдэпх гупсэхугъуэм насыпыфIэ узэрищI къудейрауи щытми, Паскалрэ шэрыбымрэ зэрызэхущытым езы гъащIэмрэ цIыхупсэмрэ уегупсысыным урагъэувалIэ.

Фильмым Канны къалэм щекIуэкI хабзэ кинофестивалым и саугъэту «ЧыцIыбжьэ дыщэ къудамэр» къыхуагъэфэщауэ, сценарий нэхъыфI дыдэ унэтIыныгъэмкIэ «Оскар» саугъэтыр къратауэ щытащ. Мы теплъэгъуэр адрейхэм къахэзыгъэщыр сыт жыпIэмэ, ар щIалэ цIыкIум и гу къабзагъым шэрыбым псэ къызэрыIуигъакIэм, а тIур зэмыгъусэу зэрымыхъунум узэрырагъасэрщ. Сыт цIыхум игу пымыкIыу иIэ хабзэр? Езым мыращ жиIэу, зыгуэрым и цIэ къриIуапэми, а щэху лъапIэр куэдкIэ нэхъ гъэпщкIуауэ, адрейхэм къагурымыIуэ гуэру къыщыщIэкIи щыIэщ. Паскаль къыпэщIэува щIалэ цIыкIухэм езыр япэщIэувващэркъым, абыхэм яхуэфащэ жэуапыр езы гъащIэм къазэрыритыжынур нэрылъагъуущи. ЩIалэ цIыкIум и гулъытэр зэрыщыту шэрыбым епха зэпытщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, жагъуэгъухэр, япэрауэ, зыкъомкIэ нэхъыбэщ. ЕтIуанэрауэ, япэщIэувэжмэ, шэрыбым лей къызэрытехьэнур гурыIуэгъуэщ. Псэ зыIут ныбжьэгъу плъыжьыр зэраншу гупым хузэфIэкIыху ящхьэщолъэт, закъыIэримыгъэхьэу, итIанэ езым фIыуэ илъагъу Паскаль къызэрыкъуэкIыу, къотIысэхыжри, и кIапсэ кIапэр щIалэ цIыкIум Iэрегъэхьэ. Уэ пхуэдэ цIыхур зэрехъулIам уеплъыну зэрыгугъур, фыгъуэми къару зэриIэр къегъэлъагъуэ режиссёрым. И кIэм бзаджащIэ цIыкIухэм я зым и мывэдзыр шэрыбым тохуэри, ар мэпщэх, итIанэ зэраншухэр абы лъакъуэкIэ тоувэжри, зэхапIытIэ. Паскаль игу зэрыхэщIыр къигъэлъэгъуэн папщIэ, зэрыжаIэжымкIэ, режиссёрыр и къуэм хуэгубжьырт, нэхъыфI дыдэу илъагъу и джэгуалъэхэр къытрихыурэ. Дауэрэ хъуами, фильмыр Iэзэу ягъэуващ. Ауэ гур зымыгъэкIуэд кIэух зэрыратам уи фIэщ ещI гъащIэм цIыху къабзэм зэрызыкъыдищIыр, ипэжыпIэкIи абы и псэ нэхур армырауэ пIэрэ шэрыбым щIагъыбзэу хуэпщIыфыну псоми я щхьэр?

Шэрыб плъыжьыр къагъэуа нэужь, Париж шэрыбу дэтыр Паскаль и щхьэщыгум къыщызэхуосри, сабийр уафэм драхьей. ЖызыIэ щыIэщ мы мыхьэнэр зыгуэркIэ фIэщхъуныгъэм епхауэ, Хьисэ лъапIэр шэрыбым и дамыгъэу. А упщIэм и жэуапыр режиссёрым фильмым еплъым къыхуегъанэ. ЦIыхухэм я пэжыр къызэралъыхъуэ Iэмалхэр зэщхькъым, щхьэж и шэрыб плъыжьри адрейм ейм темыхуэнкIи мэхъу.

Мы фильмым гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIи щапхъэ дахэ куэд къыпхухэхынущ. Сабийм и дуней щабэмрэ балигъым и зэгъэзэхуэкIэ пхъашэмри щызэжьэхоуэ абы. Шэрыбыр уздэкIуэм здэпхь хъуркъым, школми щIыуагъэхьэркъым. Уеблэмэ Паскаль и насыпым и дамыгъэр зыхуэмыхьыж еджапIэм и унафэщIым сабийр и пэшым щIеубыдэ, ауэ шэрыб плъыжьыр ныбжьэгъу пэжщи, унафэщIым щхьэщыхуарзэурэ, щIалэ цIыкIур къимыутIыпщыжауэ, кIэрыкIыркъым.

«Шэрыб плъыжьым» цIыкIухэм я гъусэу уеплъ хъунущ, уеблэмэ сабийхэмрэ балигъхэмрэ я Iэпэр зэрыIыгъыху, дунейр зэрынэхъ узыншэм и дамыгъэщ а теплъэгъуэ мыкIуэдыжынур.

Ламорис Альбер и зэчийм зригъэузэщIыну илъэс куэд къыхуиутIыпщауэ щымытми, мы «Шэрыб плъыжьри» абы ипэкIэ игъэува «ПщIэгъуалэ соку хужьми» зи цIэр ящымыгъупщэжын режиссёру гъуазджэм и тхыдэм къыхинащ. Иужьрей фильмым Паскаль илъэситI-щы фIэкIа мыхъуу щыджэгуащ. Ар теухуат цIыхухэр зэбгъэрыкIуа шы мыгъасэр щIалэ ныбжьыщIэм абыхэм яIэщIихыу, тIури зэгъусэу хым зэрыхэкIуадэм.

Мывэхэм къаIуэтэжынум дыпоплъэ

Налшык дэс псори щыгъуазэщ нобэ «ЩIалэгъуалэм я унэ» цIэр зезыхьэ ухуэныгъэм. Зэман зыбжанэ ипэкIэ ар «Профсоюзхэм я уардэунэу» щытащ, абы ипэжкIэ - «УхуакIуэхэм я уардэунэ» цIэр зэрихьащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, ар щаухуа 1965 - 1966 гъэхэм ди щIыналъэм и тхыдэм епха напэкIуэцI гъэщIэгъуэн къызэIуахауэ къыщIэкIащ.

ЗИ ГУГЪУ тщIы фэеплъым и хъыбарым хущIыхьэр къыщеджэфынущ Урысей щIэнгъуазэшхуэм, «Налшык кхъэлъахэ» («Нальчикская гробница») цIэм щIэту. Зи гугъу тщIа ухуэныгъэр щащIым щыгъуэ, ди эрэм ипэкIэ илъэс мини 3-м хуагъакIуэ кхъэлъахэ къыщагъуэтащ абдежым ухуакIуэхэмрэ археологхэмрэ. Цивилизацэр игъащIэми тхыдэм и бийкъэ? «Кхъэлъахэр къыщIатIыкIри, лъэпкъ музейм и пщIантIэм ягъэIэпхъуащ», - апхуэдэ щIыкIэу зэпыуда мэхъу къызэрымыкIуэу гъэщIэгъуэн мы фэеплъым теухуа псалъэмакъыр.

Хъыбарым и пэр умыщIэмэ, и кIэри гурыIуэгъуэ хъуркъым. 1960 гъэхэм и пэм Налшык и хьэблэ нэхъ ехьэжьауэ къалъытэ Горный Iыхьэр яухуэн щIадзауэ щытащ. «А Iуэхум иужь щихьар нобэ Дэшхуей хадэкIэ дызэджэ парк цIыкIум и Iэгъуэблагъэрт, - етхыж псори зи нэкIэ зылъэгъуа налшыкдэс гуэрым. - Дэшхуейхэр кърaупщIыкIыу, абдежым къатитхуу зэтет унэхэр ирагъэувэну я мурадт. Арати, псом япэ цIыху зыгъэпсэхупIэ, гъэлъэгъуапIэ хуэдэу ящIын я мурад Щэнхабзэм и уардэунэм елэжьын щIадзащ. Япэ лэжьыгъэр зрахьэлIар ар зытращIыхьыну кумбрати, Дэшхуей хадэм ипщэIуэкIэ лэжьыгъэм щыпэрыхьащ. Абдежырщ ухуакIуэхэр щыIууар ди эрэм илъэс минищэ ипэкIэ ящIа кхъэлъахэм. Кхъэ мащэр зэрагъэхъеям щхьэкIэ тезыр къатехуам ещхьу, зэтралъхьэн щIадзэ ухуэныгъэм и щхьэр къехуэхащ, ухуакIуэ зыбжани хэкIуэдащ. Щымыхъум, лэжьыгъэр зэпагъэури, Кировым и цIэр зезыхьэ уэрамым хуэзэ лъэныкъуэмкIэ ягъэIэпхъуащ унэ зэтетхэр. АпщIондэху Дэшхуей хадэр къелащ».

Тхыдэ фэеплъыр зэтрамыкъутапэ щIыкIэ къагъэувыIэри, абы и Iуэху зыIутыр иджауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэрылажьэ, археолог Чеченов Исмэхьил. Кхъэлъахэ Iуащхьэм и лъабжьэм IэщIагъэлIхэм къыщIахауэ щытащ фэеплъ кхъэлэгъунэхэмрэ ятIэм къыхэщIыкIа хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэмрэ. Чеченовым и къэхутэныгъэхэр XIX лIэщIыгъуэм и кIэм Веселовский Николай Мейкъуапэ деж къыщызэIуиха щэнхабзэм щрилъытым, ахэр зэпэгъунэгъуу къыщIэкIащ.

Сыт атIэ абдежым къыщагъуэтар? Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, совет, балъкъэр археолог, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Чеченов Исмэхьил щытопсэлъыхь 1973 гъэм къыдигъэкIа «Налшык кхъэлъахэм къыщагъуэта кхъэлэгъунэ» («Нальчикская подкурганная гробница») тхылъым.

ЩIы щIагъым къыщратIыкIа мащэ зэпэплIимэм и кIуэцIыр мывэ гъэжакIэ къиищIыкIат, цIыхуитIым я хьэдэхэр щIэлът, я хъуреягъым пасэрей хьэпшыпхэр къыщегъэтIылъэкIауэ. Кхъэлэгъунэм и кIуэцIри блынхэри иIэгъэ плъыжь-гъуэжьыфэкIэ къилыкIат. Кхъэлъахэр ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ къикIыу, ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ гъэзат. И блынхэм мывэ гъэжа 24-кIэ кIэрыгъэзэгъат. Езы мащэм сантиметр 313-рэ и кIыхьагът, сантиметр 234-рэ и бгъуагът, сантиметри 105 - 110-рэ и лъагагът.

Абдежым къыщагъуэта ятIэ плъыжьым къыхэщIыкIа хьэкъущыкъухэр, дыщэ щыгъэ цIыкIухэр, гъуаплъэ шыуаныр, къамэ цIыкIухэр, къинэмыщIхэр Псыжь Iуфэмрэ хы ФIыцIэ Iуфэмрэ деж къыщагъуэтыжа мейкъуапэ фэеплъхэм иралъыта нэужьщ совет щIэныгъэлIхэр зэакъылэгъу щыхъуар а тIури зы щыIэкIэпсэукIэм епхауэ зэрыщытымкIэ.

Лъэпкъ музейм илъэс куэдкIэ щылэжьа Ехъутэныдж Хьэсэн къагъуэта фэеплъхэм щытепсэлъыхьым, жиIауэ щытащ кхъэлъахэм кърахa хьэпшыпхэм, псом хуэмыдэу дыщэм къыхэщIыкIахэр зэрыкуэдым ятепщIыхьмэ, абдежым лъэпкъ гуэрым и тхьэмадэр зэрыщыщIалъхьам гупсысэр зэрыхуэкIуэм. Сыту жыпIэмэ, абдеж дыдэм нэхъ тхьэмыщкIэу псэуахэм я кхъэлэгъунэхэри къыщагъуэтыжащ, абыхэм апхуэдиз хьэпшып ядэщIыгъутэкъым. Абы къикIращи, цIыхухэр мылъкукIэ зэхуэмыдэн щыщIадза лъэхъэнэм хуэпхь хъунущ ар щаухуа зэманыр. Къагъуэта хьэпшып псори а гъэ дыдэм Лъэпкъ музейм иратат. Ауэ Ехъутэныдж Хьэсэн къыхигъэщауэ щытащ музейм ахъшэ зэримыIэм къыхэкIыу, кхъэлъахэр зэфIигъэувэжыну зэфIэкIым зэрыхуэIэкIэщIыр.

Языныкъуэ мывэ гъэжахэм криптограммэ жыхуаIэ дамыгъэхэр ятещIыхьат, абыхэм иджыри къэс зыри къеджэфакъым.

2011 гъэм Налшык кхъэлъахэм и хъыбар зэхахри, Германием щыIэ археологие институтым и лэжьакIуэхэу Хансен Свендрэ Райнхолд Сабинэрэ къэкIуауэ щытащ. Мывэхэм еплъщ, сурэтхэр трахщ, ахэр зэпха лъэхъэнэр къызэращIэ иджырей углеводороднэ къэхутэныгъэмкIэ зэпалъытри, ахэр ди эрэм ипэкIэ илъэс мини 4-м нэхърэ нэхъыжьу къыщIэкIащ. АдэкIэ къэхъунум дыпоплъэ.

● КъБР-м и прокуратурэ

Я нэIэ зытетыпхъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм къыщапщытэжащ блэкIа илъэсым я лэжьыгъэм кърикIуахэр, яубзыхуащ законымрэ хабзэмрэ гъэбыдэным ехьэлIауэ 2026 гъэм зэфIахыпхъэхэр. Коллегием и зэIущIэм кърихьэлIащ Урысей Федерацэм и Прокуратурэ нэхъыщхьэм Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэмкIэ и Управленэ нэхъыщхьэм - КИФЩI-м щиIэ управленэм и унафэщI Болдыревэ Еленэ.

КОЛЛЕГИЕМ и лэжьыгъэм хэтащ республикэм и прокурорым и къуэдзэхэр, щIыналъэ прокуратурэм и IэнатIэхэм я унафэщIхэр, оперативнэ гупыр, къалэхэмрэ районхэмрэ я прокурорхэмрэ абыхэм я къуэдзэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николай зэIущIэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ щIыналъэм законымрэ хабзэмрэ ехьэлIа щытыкIэр зыщыхуэдэр, ахэр зэпIэзэрыту щытыным прокурор кIэлъыплъыныгъэм щигъэзащIэ къалэным. Абы къыхигъэщащ я лэжьыгъэм и унэтIыныгъэхэр УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм япэ игъэщыпхъэу къахуигъэувахэмрэ тету, республикэм и социально-экономикэ щытыкIэм кърикIуахэмрэ зэпалъытыжу зэраубзыхуар.

Прокурорхэм зэфIагъэувэжащ республикэм щыпсэухэм ящыщу мини 6,6-м щIигъум я хуитыныгъэхэр, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэри хыхьэу. Гулъытэ хэха хуащIащ лэжьапщIэр зэратым. Сыт щыгъуи прокуратурэм и нэIэ ятетщ щIыхуэ зытелъ IуэхущIапIэхэу банкроту къалъытахэм, апхуэдэуи щIыналъэм и IэнатIэ нэхъ инхэм. ЛэжьапщIэ щIыхуэу сом мелуан 72-м щIигъу ирагъэпшынащ, лэжьакIуэ мин 1,5-м я хуитыныгъэхэр зэфIагъэувэжащ. Балигъ мыхъуахэм я хуитыныгъэхэр хъумэным пыщIа Iэмал псори къагъэсэбэпащ.

ПсэупIэ хуэныкъуэхэр къызэгъэпэщыным хухах щIыналъэ бюджетым сом мелуан 52,5-рэ хагъэхъуэныр пхагъэкIри, ар мелуани 173,4-рэ хъуащ. Абы и фIыгъэкIэ, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэ темыту къэнахэмрэ псэупIэхэр, апхуэдэуи федеральнэ, щIыналъэ псэупIэ сертификатхэр яIэрыхьащ.

Болдыревэ Еленэ къыщыпсалъэм къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ я хуитыныгъэхэр, цIыхухэм я социальнэ хуитыныгъэхэр, пенсэм, псэупIэм, лэжьыгъэм ехьэлIахэри хыхьэу, хъумэныр я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр. Гулъытэ зыхуэщIыпхъэу къигъэлъэгъуащ лэжьапщIэмрэ пособиемрэ зэрыратыр, псом хуэмыдэу балигъ мыхъуахэм ехьэлIахэр, льготэ зиIэхэм хущхъуэхэмрэ зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмрэ яIэрыхьэныр.

Апхуэдэуи жиIащ цIыхухэр фIагъ зиIэ коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, инфраструктурэ объектхэр егъэфIэкIуэным, фэтэр куэду зэхэт унэхэр зыхуей хуэгъэзэным, лъэпкъ проектхэр пхыгъэкIыным Iэмал имыIэу хэкIыпIэхэр дыщIыгъун зэрыхуейр.

Коллегием и лэжьыгъэм кърикIуахэм япкъ иткIэ къащтащ прокуратурэм и кIэлъыплъыныгъэр егъэфIэкIуэным ехьэлIахэр къыщыгъэлъэгъуа унафэ, - къет КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэм.

Зыгъэхьэзырар **ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэщ**.

ФIыщIэ къыхуащI

Мэлбахъуэ Тиморэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ библиотекэр илъэси 105-рэ щрикъум ирихьэлIэу ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием абы тыгъэ хуищIащ тхылъ 20-м щIигъуурэ «Доклады АМАН» журналым и къыдэкIыгъуэ зыбжанэрэ. Академием къыбгъэдэкIа гулъытэм пщIэ хуащIу, библиотекэм и лэжьакIуэхэм а тхылъхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къызэрагъэпэщри, ЩIДАА-м хэтхэр ирагъэблэгъащ мазаем и 6-м.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, ЩIДАА-м и президентым и чэнджэщэгъу Бэлахъуэ Олег, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм, тхыдэдж-архивист, философ, тхакIуэ Бейтыгъуэн Сэфарбий, техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ЗэкIурей Аслъэн, библиотекэм и лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

- ФIыщIэ ин фхуэсщIыну сыхуейт апхуэдэ тыгъэ лъапIэхэр къызэрытхуэвгъэфэщам, щIэныгъэр гъэкIуэтэнымкIэ Адыгэ академием влэжьхэм папщIэ. Дыхуейт адэкIи дызэдэлэжьэну, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, библиотекэм и унафэщIым и къуэдзэ Арзанунц Александрэ.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий къыщыпсалъэм зэIущIэм кърихьэлIахэр абы щигъэгъуэзащ ЩIДАА-р къызэрыунэхуауэ щытам:

- 1992 гъэм шыщхьэIу мазэу къызэрагъэпэщауэ щытащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиер. Абы и япэ унафэщIу щытари физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Нэхущ Iэдэмщ. Илъэс 26-кIэ зэрихьащ абы академиер: 2018 гъэм и фокIадэ мазэ пщIондэ. Урысей Федерацэм и сенатор, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Къанокъуэ Арсен Адыгэ академием и унафэщIу хаха нэужь «Доклады АМАН» журналри, ди щIэныгъэлIхэм я IэдакъэщIэкIхэри къыдигъэкIын щIидзащ, академием къызэригъэпэщ дунейпсо зэIущIэхэмрэ IуэхугъуэщIэхэмрэ мылъкукIэ щIэгъэкъуэн хуэхъуурэ, ЩIДАА-м нэхъ зыкъиужьащ. НобэкIэ ди журналыр Урысейм и библиотекэ нэхъ ин дыдэу 25-м яхудогъэхь, хамэ къэрал щыпсэухэми хуиту абы зыщагъэгъуэзэн папщIэ интернетым къыдолъхьэ, илъэс къэс тхылъи 10 - 15 къыдыдогъэкI. Академием щIэныгъэлI 447-рэ хэтащ къэралыгъуэ 22-м щыщу. Абыхэм ящыщу узыншэу нобэ къытхэтщ лъэпкъ 24-м я лIыкIуэу цIыху 302-рэ. Ахэр унэтIыныгъэ 12-кIэ мэлажьэ, - жиIащ Щхьэгъэпсом.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэ Гъут Iэдэм къыщыпсэлъам къыхигъэщащ щIэныгъэлIхэр илъэси 10-кIэ зэлэжьа, апхуэдизри къахудэмыгъэкIыу щылъа «Нартхэр» тхылъыр ЩIДАА-м и фIыгъэкIэ дунейм къызэрытехьар.

- 2007 гъэм елэжьын щIэддзащ нарт эпосым. Зэхуэтхьэса псоми дыхэплъэжщ, дгъэкIэщIщ, къыхэткъузыкIри, тхылъиплI дгъэхьэзырат. МылтIыгум и Iыхьэ щанэрауэ жаIэ псыщхьэм тетыр, адрейр псы лъабжьэм щIэлъщ. Апхуэдэщ IыхьиплIу зэхэту къыдэкIа «Нартхэри»... Тхылъым тхуимыгъэзэгъар куэд мэхъу. Ар зи мылъкукIэ къыдэкIа Къанокъуэ Арсенрэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиемрэ къытебгъэзэжурэ фIыщIэ яхуэпщIми, мащIэщ! - жиIащ щIэныгъэлIым.

Мы гъэлъэгъуэныгъэр зэхэта нэужь, академием библиотекэм тыгъэ хуищIа тхылъхэр лъахэхутэ къудамэм щIалъхьэну, иужьыIуэкIэ дэтхэнэми зэIущIэ щхьэхуэ иращIэкIыну зэгурыIуащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

«Къысхуэгъэгъу» жыпIэну емыкIукъым

ЦIэрыIуэ хъун къудей папщIэ, инми цIыкIуми къаруу трагъэкIуадэмрэ Iэмалу къагъэщхьэпэмрэ зыхуэдизыр пхужыIэнкъым. Японием щыщ спортсмен щIалэ Нисидэ Юдзи ар зы дакъикъэм и кIуэцIкIэ къехъулIащ, зэрымыщIэкIэ и топыр зытехуа хъыджэбзым и пащхьэм къыщигъэлъэгъуа нэмысымкIэ.

IУЭХУР зыIутрати, Японием щыIэ Кобе къалэм волейболымкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIырт. Зэпеуэр мы спорт унэтIыныгъэм и гуп къыхэхахэрти, дахуа топыр здэкIуапхъэм зэрынагъэсэфымкIэ я зэфIэкIыр къыщагъэлъагъуэм, спортсменхэм яз Нисидэ Юдзи и топыр джэгупIэм и бгъум деж щыт хъыджэбзым и нэкIубгъум техуащ. Нэхъыбэм зэрыжаIэмкIэ, ар зэхьэзэхуэм кIэлъыплъ хеящIэхэм язт. Хъыджэбзыр и щхьэм епхъуэжыну хунэса къыщIэкIынтэкъым, хьэрэкIытIэм хуэдэу зыкъричу, псым зыхэзыдзэ бдзэжьей фIэкIа умыщIэу, Нисидэ и «къысхуэгъэгъур» абы и пащхьэм «къыщригъэцIэнтхъуам». Ар зэрищIари сыт хуэдэ щIыкIэу? ЩIалэм, къызэрыжэм хуэдэурэ, хьэщIэщ лъэгум зытридзэри, и пэр щIым щихъуэным залэ фIэкIа къэмынэу, гъэщхъа и щхьэмрэ дамэм ещхьу и бгъуитIым гуилъхьэжа и IитI «зызыумысыжхэмрэ» хъыджэбзым и пащхьэр зыхуэзэ лъэгум кIэриIулIащ. ИтIанэ къызэфIэувэжри, аргуэру лъэгуажьэмыщхьэу, и IэгуитI зэгуэлъхьахэмрэ и щхьэ гъэщхъынымрэ зэпымыууэ, IэщIэщIам зэрыхущIегъуэжыр къигъэнэIуащ. Къызэрыхуигъэгъуар апхуэдэ дыдэ зыщIыкIэкIэ къэзыгъэлъагъуэ хъыджэбзыр апхуэдизкIэ къэуIэбжьати, «куэдщ, куэдщ» къызэрыкI Iэдэб зыгъэщхъыкIэкIэ къыпэджэжырт. Мо теплъэгъуэ къызэрымыкIуэр зи нэгум щIэкI цIыхухэм телефон дапщэ кърапхъуэтами хэт ищIэн, абдеж дыдэм щызэхэта операторхэми зэуэ щIалэмрэ хъыджэбзымрэ я хъуреягъыр яуфэбгъуат. Дауэрэ хъуами, Нисидэ и зыухеижыкIэм еплъахэр зы махуэ закъуэм къриубыдэу, мелуани 9-м щIигъуащ, дяпэкIи къызэтеувыIэну фэ теткъым. Абыхэм я фIыгъэкIэ, псэр зыгъэткIу щэныфIагъым и хъыбарыр ди дежи къэсащ. И зыгъэкъуэншэжыныр имыгъэIэпхъуэу, и щхьэри пуду къыщымыхъуу, абы ищIыIужкIэ гушыIэ тIэкIуи щIэлъу, щIалэм дунейпсо утыкум ирихьа япон нэмысым цIыхупсэ къабзэ куэд къихьэхуащ. Шэч хэмылъу, Нисиди волейболым щIыхыхьар и зэфIэкIым зригъэужьу, къызыхуигъэщIа лъэныкъуэм зыщиузэщIын папщIэт. ИтIани, дуней псом къелыжу и пщIэр зыIэта «насып дакъикъэр» зэрыцIыкIурэ къыхалъхьа гъэсэныгъэмрэ цIыху хэтыкIэмрэщ. Абы и уасэр езы цIэрыIуагъэм нэхъри абы зэрыхуеIэ адрей Iэмал псоми елъэгэкIыу щымытамэ, а цIыхугъэм и щапхъэ телъыджэми дызригъэхъуэпсэнтэкъым.

Зы метррэ сантиметр 86-рэ зи лъагагъ щIалэр 2000 гъэм щIышылэм и 30-м Японием щыIэ Инабе къалэм дунейм къыщытехьащ. Волейболым илъэситхум щегъэжьауэ хэтщ. Япон гъэсэныгъэмкIэ сабий къалъхуагъащIэр илъэситху пщIондэ «анэм и Iыхьэу» къалъытэ, зыхуей псори хуащIэрэ и анэм пэIэщIэ зэрыхъушхуэ щымыIэу. Илъэситху хъуа нэужь, ар «пщылI» жыхуаIэ ныбжьым йохьэ. АдэкIэ, илъэс пщыкIутху хъуху, сабийр гъэсэныгъэм и бжьым щIэкIынукъым, и хьэлыр щызэтеувэри а илъэсипщIым къриубыдэущ. Илъэс 15 хъуа ныбжьыщIэр балигъ хъуа пэлъытэщ, узэрыхущытыпхъэри «уи щхьэм хуэбгъадэущ».

Нисидэ дэлъхурэ шыпхъурэ иIэщ, и щхьэгъусэ Когэ Саринэ езым хуэдэу спортым хэтщ, волейболыр IэщIагъэ хуэхъуауэ. 2017 гъэм Нисидэ къэралым и волейбол гуп нэхъыщхьэхэм я зым хагъэхьащ, зэрыжаIэмкIи, и хьэрхуэрэгъухэм абы къефIэкI куэд яхэткъым, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ джэгуакIуэхэм хабжэ.

Ауэ щыхъукIэ, дэ а щIалэр къыдэзыгъэцIыхуар и джэгукIэракъым, и гъэсэныгъэмрэ нэмысыфIагъэмрэщ. Аркъудейм къегъэлъагъуэ цIыхум и зэфIэкIыр сыт хуэдизкIэ инми, абы уасэ къезытыр езым хуэдэм хуищI пщIэрауэ зэрыщытыр. Дауэ пIэрэ а гупсысэр япон сабийхэм зэрыхапщэр?

Зылъэгъуахэм зэрыжаIэмкIэ, я цIыкIугъуэм Японием щыщ сабийхэм нэхърэ нэхъ зэраншурэ жыIэмыдаIуэрэ щымыIэу къыпфIэщIынущ. Ауэ япэ классыр къыщаухым деж, абыхэм хуэдэу сабий Iэдэб дуней хъурейм темытым хуэдэу, гъэсэныгъэ халъхьэф. Псалъэм и хьэтыркIэ, япон сабийхэм гъуэгур зэпаупщIа нэужь, зыкъагъэзэжри, блэзыгъэкIа машинэм дэсым фIыщIэ щхьэщэ хуащI. Пасэрей японхэм я гупсысэкIэмкIэ, сабий псори цIыхухэр фIыуэ ялъагъун хьэзыру езыми къалъагъун папщIэ псори бгъэдэлъу дунейм къытохьэ. Илъэсибл хъуху, сабий псори къабзэщ, Тхьэм пэгъунэгъущ, гуэныхьми щыхъумащ, ахэр зэреплъымкIэ. ЦIыкIухэр зэрахузэфIэкIкIэ гуапэщ икIи щабэщ, нэгъуэщIу щымытыфу. Лъэпкъым щыщ псоми къафIощI дэтхэнэ сабийри къызыхуэтыншэу фIыуэ. Абы мыхъун гуэр IэщIэкIмэ, апхуэдэу пщIэ зэрымыхъунур зыми къыгуримыгъэIуауэ аркъудейщ. Сабийр цIыкIуху увыIэ-щыгъэткIэ ебгъэлеймэ, абы «балигъ насыпыншэ» къыхэкIынкIи хъунущ. Аращи, сабий IыгъыпIэми, курыт еджапIэми, джэгупIэми цIыкIухэм я псынщIагъыр занщIэу щыпаубыдыркъым, апхуэдэу щIэпщIэр къащыгурыIуэну зэманым поплъэ.

Япон анэхэм сабийр ущиины, абы дэуэршэрыным нэхъ трагъащIэ, ешхыдэным нэхърэ. «Уэ пфIэфI хъунут, апхуэдэу къуащIамэ?» - зыжепIэ сабийм нэгъуэщIым и пIэ зригъэувэжыфынущ, ар и щхьэм хуигъэдэфынущ, зыми и жагъуэ умыщIыныр гъащIэ хабзэу здрихьэжьэнущ. Зэрытлъагъущи, куэд дыдэкIи дызэщхьэщыкIыркъым японхэмрэ адыгэхэмрэ а лъэныкъуэмкIэ. А Iуэхум хэлъхьэж японхэми, дэ дэщхьу, «емыкIущ» жыхуаIэ псалъэр тезыр псом нэхърэ нэхъ гуащIэу къызэралъытэр. Дунейпсо зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIкIэ, японхэм яIыгъа тIысыпIэхэр сыт щыгъуи адрейхэм нэхърэ нэхъ къабзэу къызэрынэри дигу къэдгъэкIыжыпхъэщ. Девгъэхъуапсэ, дызэвгъэгупсысыж.

«Махуэку» къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

ЩIэныгъэмрэ унагъуэмрэ

«Урысейм и егъэджакIуэхэр» урысейпсо форумым жыджэру хэтахэм ящыщщ ди университетыр. Къэрал псом щыщ IэщIагъэлIхэр абы щызэхуэжащ цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным зегъэужьыным и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу къалъытэхэмкIэ, егъэджакIуэхэм я зэфIэкIхэм хэгъэхъуэным, Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр щIыналъэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм щыхэпщэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм зэреплъымкIэ. Зэхуэсым и программэ иным - мастер-классхэм, зэпсэлъэныгъэхэм, лэжьэкIэщIэхэр утыку къыщрахьам - хэтахэм Iэмал ягъуэтащ методикэ пэрытхэм зыщагъэгъуэзэну, егъэджакIуэхэм я зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэну.

КъБКъУ-м къыбгъэдэкIыу зэхуэсым щыIащ университетым ПедагогикэмкIэ, психологиемрэ физкультурэ-спорт егъэджэныгъэмкIэ и институтым и унафэщI Михайленкэ Ольгэрэ ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмрэ информатизацэмкIэ институтым и унафэщIым и къуэдзэ Багъ Риммэрэ. ТIури къыщыпсэлъащ унагъуэм егъэджэныгъэ Iуэхум щиIэ мыхьэнэр щызэпкъраха утыкухэм ящыщ зым - «Iуэхум хэгъуэза адэанэхэр: пашэныгъэр къэбгъэсэбэпу щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущlапlэм зэгурыIуэныгъэ зэрепщIылIэнур».

Гулъытэ хэха къыхуащIащ Михайленкэ Ольгэ «Псоми я Iуэху еплъыкIэм и къарур: зэгъусэу унафэ къэщтэным и сэбэпынагъыр. ЕджапIэмрэ унагъуэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм къихьыр: зэфIэувэным пыщIа гугъуехьхэмрэ зыужьыныгъэм и хэкIыпIэхэмрэ» зыфIища и докладым. Ольгэ и къэпсэлъэныгъэм тегъэщIапIэ хуищIащ, еджапIэмрэ унагъуэмрэ яку дэлъ иджырей зэпыщIэныгъэ нэпцIым кънтекIыу, зэпсэлъэныгъэ зэIухам, сабийм зегъэужьынымкIэ лъэныкъуитIми яхь жэуаплыныгъэр зэхагъэкIыу, щхьэж и къалэныр гъэзэщIэным хуэкIуэн зэрыхуейр.

Доклад зыщIам зэпкърыхауэ утыку кърихьащ апхуэдэ бгъэдыхьэкIэ зэтеублэным зэран хуэхъу лъэпощхьэпохэр: адэ-анэхэм я психологие щIэныгъэр зэрымащIэр, жьы хъуа гъэсэныгъэ щапхъэхэр къэгъэщIэрэщIэжыныр, нэгъуэщIхэри. Абы къыдэкIуэу Михайленкэ Ольгэ къыхилъхьащ а гугъуехьхэр къызэнэкIыным ухуэзышэфыну тегъэщIапIэ пыухыкIахэр - зэпсэлъэныгъэм папщIэ школ медиа-платформэхэр къызэгъэпэщыным къыщыщIэдзауэ сабийм и зэфIэкIым теухуауэ зэгъусэу унафэ къэщтэным нэсыху.

Багъ Риммэ и къэпсэлъэныгъэр теухуат «Адэ-анэхэм психологие чэнджэщ етыныр и сэбэпщ абыхэми я Iэзагъым хэгъэхъуэным, КъБР-м ис цIыхубэм зегъэужьыным» зыфIища къэхутэныгъэ-лэжьыгъэм кърикIуахэм. Къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуащ: школакIуэхэм я адэанэхэм я Iуэху зехьэкIэр щыхьэт тохъуэ абыхэм я психологие щэнхабзэр зэрылъахъшэм, езыхэм я сабиигъуэм къыхаха гъэсэныгъэ Iэмалхэр жыы зэрыхъуам, егъэджэныгъэ ухуэкIэм къыщыхъу нықъусаныгъэхэр я щхьэм зэрырагъажэр. А Iуэхугъуэхэм наIуэ къащI адэанэхэм зэпымыууэ ядэлэжьэныр егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэным мыхьэнэшхуэ зиIэ и Iыхьэу зэрыщытыр.

«КъБКъУ-р «Урысейм и егъэджакIуэхэр» урысейпсо форумым зэрыхэтар цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным IэмалыщIэхэр щызэтегъэувэным хэлъхьэныгъэ ин хуэхъуащ - еджапIэмрэ унагъуэмрэ сабийм и зыужьыныгъэм и къару лъэщу зэрыщытыр къигъэлъагъуэу. КъБКъУ-р хьэзырщ педагогикэм ехьэлIа и ехъулIэныгъэхэмкIэ адрейхэм ядэгуэшэну, апхуэдэ дыдэуи нэгъуэщIхэм я Iуэху зехьэкIэхэр щапхъэу къищтэну. Гъэсэныгъэм и джэлэсхэр кIуэ пэтми нэхъ гугъу щыхъу лъэхъэнэм зэIухауэ, зэхуэдэу, жэуаплыныгъэ пылъу зэпсэлъэнырщ критикэ гупсысэкIэ яIэу, гъащIэр егъэфIэкIуэным хуэпабгъэу щIэблэр къэгъэхъуным лъабжьэ хуэхъуфынур», - къызэщIикIуэжащ и Iуэху еплъыкIэхэр Михайленкэ Ольгэ.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

ГъэпцIакIуэхэм япэщIоувэ

ГъэпцIакIуэхэр куэд хъуащ ди зэманым. Псом хуэмыдэу телефонкIэ апхуэдэ мыхъумыщIагъэ зезыхьэ щIэпхъаджащIэхэм махуэ къэс япэщIохуэ цIыхубэр.

СЫТ ХУЭДИЗРЭ тепсэлъыхьми, гу лърагъатэми, абыхэм я хъым ихуар мин бжыгъэ мэхъу. Мы Iуэхум псом хуэмыдэу тоунахъуэ иджырей технологиехэм мащIэу фIэкIа хэзымыщIыкI нэхъыжьыIуэхэр, гупсысапIэ кърамыту къызытегушхуэ курыт ныбжьым итхэр, балигъыпIэ имыува, жепIэр зи фIэщ хъу ныбжьыщIэхэр.

Апхуэдэ Iуэху мыщхьэпэм хэкIыпIэ къыхуагъуэтыну яужь ихьащ Бахъсэн къалэ администрацэм и лэжьакIуэхэр. Абыхэм ящыщ зыбжанэ я фIэфIыныгъэкIэ зэгухьэри, дружинэ къызэрагъэпэщащ. ЛэжьакIуэ гупым яхэтщ Урысейм и МВД-м и полицэм и участковэ уполномоченнэхэр.

Зи гугъу тщIыхэм уэрамхэм щрагъэкIуэкIащ телефонкIэ, интернеткIэ гъэпцIагъэ зезыхьэхэм зэрапэщIэт, киберщIэпхъаджагъэм жылагъуэр щыхъумэным теухуа Iуэху. ГъэпцIакIуэхэм зэрызыщахъумэ щIыкIэхэм цIыхухэр нэхъ кууүэ щыгъэгъуэзэным щIэх-щIэхыурэ йолэжь гупыр. Акцэр щрагъэкIуэкIыну цIыху зэхуэсыпIэхэр къыхахащ, Бахъсэн къалэм щыпсэу нэхъыбэ къызэщIаубыдэн папщIэ.

Гупым хэтхэмрэ полицейхэмрэ зэпкърыхауэ цIыхухэм яхутепсэлъыхьащ интернетымрэ мобильнэ телефонхэмрэ къагъэсэбэпу щIэпхъаджащIэхэм ялэжь гъэпцIагъэ Iэмал нэхъ ин дыдэхэм, бзаджащIэхэм зэрызыщахъумэнум. Гулъытэ хэха хуащIырт банк картхэм кърадыгъукIхэмрэ уи хъыбархэр хъумэн зэрыхуей щIыкIэхэмрэ.

ЛэжьакIуэхэм хъыбарегъащIэ тхылъымпIэхэмрэ буклетхэмрэ ягуэшащ, зи гугъу тщIы Iуэхум теухуа чэнджэщ щхьэпэхэр иту. Акцэм хэтхэм къыхагъэщащ хьэпшыпхэр къэщэхуным е Iуэхутхьэбзэхэр уасэ пудкIэ яхуэщIэным теухуауэ «фейдэ зыпылъ», гурыщхъуэ уэзыгъэщI жэрдэму къыхуагъэлъагъуэхэм зыщадзеймэ зэрынэхъыфIыр. Къалэдэсхэм быдэу жраIащ банк картхэм тет бжыгъэхэмрэ реквизитхэмрэ зыми ирамыгъэщIэну, уголовнэ, административнэ законодательствэм и статьяхэм къыщыхьа мыхъумыщIагъэхэр къэмыхъун папщIэ.

ДАРИЙ Дахэнур.

Налшык къалэм и «Макропус» центрым утыку къыщрахьащ «Вся Кабардино-Балкария» гъуэгугъэлъагъуэр. Ар я Iэдакъэ къыщIэкIащ лъахэхутэ цIэрыIуэхэу Котляровхэ Викторрэ Мариерэ. Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ икIи ирагъэкIуэкIащ «Деловая Россия» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэм.

Ди щIыналъэм и гъуэгугъэлъагъуэ

● ЗэIущIэхэр

КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ нэхъыбэу щызэхуэхьэсащ республикэм и щIыпIэцIэхэмрэ артефактхэмрэ. Гъуэгугъэлъагъуэм мыпхуэдэ Iыхьэхэр хуащIащ: «Достопримечательности», «Исторические реминисценции», «Аномальные зоны», «Сакральные места и артефакты», «Знаковые личности», «Места отдыха», «Мистические явления и сущности».

«Вся Кабардино-Балкария» гъуэгугъэлъагъуэмкIэ туристхэм зыщагъэгъуэзэфынущ ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм икIи цIэрыIуэхэм: Iуащхьэмахуэ лъапэ, Гуэл щхъуантIэхэм, Шэджэм псыкъелъэхэм, нэгъуэщI щIыпIэ гъэщIэгъуэн пщIы бжыгъэхэм, телъыджэхэмрэ щэхухэмкIэ гъэнщIахэм. Апхуэдэщ Шэрэдж аузым щыIэ гуэл дахэхэр, Тызыл аузым и щIыунэхэр, Гундэлэн, Бедык къуажэхэм адэкIэ щащIа мывэ лъэмыжхэр, Актопрак щхьэдэхыпIэмрэ Ирик аузымрэ узыщрихьэлIэ пшахъуэ унэхэр, Думалрэ Кыртыкрэ щыIэ бгыхэр, Гижгит щыIэ пирамидэхэр, Iуащхьэмахуэ и ищхъэрэ лъэныкъуэкIэ узыщрихьэлIэ мывэ «Iэгъэбэгухэр»...

Гъуэгугъэлъагъуэм апхуэдэ щIыпIэ куэдым щытопсэлъыхь, я сурэтхэри щIыгъужауэ. Урыс зыплъыхьакIуэ цIэрыIуэхэу Иванюков И. Ковалёвский М. зэдатха, 1886 гъэм «Вестник Европы» къыдэкIыгъуэм ихуа «У подошвы Эльбруса» очеркым къыщыхьа псалъэхэм арэзы утемыхъуэу къанэркъым: «Ди зэгухьэныгъэм хэт псоми фIыуэ яцIыхут Швейцариер, ауэ иужьрей махуитIым тлъэгъуа дахагъэмрэ щIыуэпс къулеймрэ хуэдэ Швейцарием зэрыщымыIэр быдэу ди фIэщ хъуащ».

ЩIыуэпс къулейм теухуа тхыгъэхэм къадэкIуэу, ахэр 200-м щIегъу, Котляровхэ тхылъеджэхэр щагъэгъуазэ цIыхухэм ящIа ухуэныгъэхэми. Ди щIыналъэм илъэс мин бжыгъэкIэрэ узэIэбэкIыжмэ цIыхухэр зэрыщыпсэуам щыхьэт тохъуэ Бахъсэн, Урды аузхэм щыIэ бгыхэм пасэрейхэм тращIыхьа сурэтхэр, Джилы-су и мывэ менгирхэр, Iэрыщl быдапIэ лъагэхэр, мэкъумэшыщIэхэм бгыхэм щаухуа псэупIэхэр, кхъэлэгъунэхэр. Абыхэм тегъэщIапIэ хуащIащ зыплъыхьакIуэ, щIэныгъэлI пщIы бжыгъэхэм я къэхутэныгъэхэр, иджыри традзэну зыхунэмыса лэжьыгъэхэри къызэщIаубыдэу.

ЛIэщIыгъуэм и Iыхьэ плIанэ хъуауэ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI. ЩIэныгъэлI, зыплъыхьакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэу Чхеидзе Константин, Бабель Исаак, Миллер Всеволод, Анисимов Сергей сымэ я щапхъэм тету, Котляровхэ ди щIыналъэм фIащащ «Страна Прометея», «Жемчужина Кавказа», «Страна чудес», «Заповедник мировой истории» цIэхэр. Лъахэхутэ тхылъ 80-м нэблагъэм къыщагъэлъэгъуэжащ абыхэм щIыналъэм я нэгу щыщIэкIахэр. Абы щыщу тхылъ 17-р урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм тхылъ нэхъыфIу къыщалъытащ икIи дамыгъэ лъапIэхэр къыщыхуагъэфэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым туристхэр, альпинистхэр, зыгъэпсэхуакIуэхэр щIэх-щIэхыурэ къокIуэ. Арагъэнщ зэрымыщIэкIэ «Туристическая Мекка» фIэщыгъэр ди щIыпIэм къыщIыкIэрыпщIари. Совет зэманым гъэ къэс ди щIыналъэм цIыху мелуаным нэблагъэ къакIуэрт. ЗэхъуэкIыныгъэхэм я зэманым а бжыгъэм хэпщIыкIыу кIэрыхуащ, ауэ 2021 гъэм республикэм цIыху мелуан щыхьэщIащ. Абы ебгъапщэмэ, нэгъабэ туристхэм я бжыгъэр тIукIэ бэгъуащ. Ар и фIыгъэщ Налшык и санаторэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ зэрызыщрагъэужьым, абы и лъэныкъуэкIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ зэрыщыIэм.

Котляров Виктор къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ «Вся Кабардино-Балкария» къыдэкIыгъуэм къызэщIиубыдэм. Абы едэIуахэм, дауи, гъэщIэгъуэн ящыхъуащ ди щIыналъэм ибгхэм, псыежэххэм, бгъуэнщIагъхэм, Iуащхьэхэм, щыхупIэхэм фIыуэ щыгъуазэ лъахэхутэхэм я тхыгъэхэр. Къызэхуэсахэм жаIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуауэ щIэ куэд къызэращIар.

Тхыгъэри сурэтхэри **ТЕКIУЖЬ Заретэ** *ейщ.*

Литературэ газетыщIэ

Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и нэIэ щIэту республикэм къыщыдокI «Литературная газета Кабардино-Балкарии» газетыщIэр. Дызэрыт гъэм и щIышылэ - мазаем япэ къыдэкIыгъуэр щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьащ, хъуэхъуи псалъэ гуапэ куэди хужаIащ, и фIагъэхми гу лъатащ. Ар къызэIуахащ КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я усыгъэкIэ, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь Иванов Николай, абы и къуэдзэ Поповэ Нинэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Опрышкэ Олег, КъБР-м и Парламентым и депутат, СВО-м и ветеран Шевчук Герман, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мусукаевэ Сакинат, Урысейм щIыхь зиIэ и артист Узденов Альберт сымэ, нэгъуэщIхэми я псалъэ гуапэхэмкIэ.

«ЛИТЕРАТУРЭМ хухэха газет къыдэдгъэкIын зэрыщIэддзар и щыхьэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм, щIэджыкIакIуэхэм, критикхэм я зэпыщIэныгъэр дгъэбыдэным дызэрыхуэпабгъэм. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир жиIащ мыпхуэдэу: «Урысейм и тхакIуэхэр зэкъуегъэувэ псалъэм хуащI пщIэм, гущIэгъум и мыхьэнэр къазэрыгурыIуэм, щIэщыгъуэу къэгъэщIыным халъагъуэ фIыгъуэм. Урысейм и литературэ щIэиным, иджырей тхакIуэхэм я тхыгъэ нэхъыфIхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ ди щэнхабзэр, цIыху зэхущытыкIэр нэхъ дахэ, псэр нэхъ псыхьа хъуным кIэ». Сэ сегъэгушхуэ щIэныгъэкIэ къулей цIыхухэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэ пажэхэр ди редколлегием зэрыхэтми.

Нобэ ди республикэм щыщ щIалэхэр зэкъуэувауэ СВО-м щыIэщ. Къыхэзмыгъэщу хъунукъым абыхэм усакIуэхэр, тхакIуэхэр зэрахэтыр. Зауэ IэнатIэм Iутхэм ятеухуа тхыгъэхэр дунейм къытохьэ. Ахэр гъэнщIащ лIыхъужьыгъэкIэ.

Ди газетым и напэкIуэцIхэм къыщыдгъэлъэгъуэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащIэр, тхакIуэ нэхъыжьхэми тхэн щIэзыдзагъащIэхэми гулъытэ щагъуэтынущ мыбдежым. Газетыр гупсысэ щIэщыгъуэхэмкIэ дыщызэпэджэж утыку хъуну дыщогугъ», - жиIащ Урысейм и ТхакIуэ-хэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и правленэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил.

ГазетыщIэм и япэ къыдэкIыгъуэм итщ филологие щIэныгъэмкIэ доктор Тхьэгъэзит Юрэ КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ теухуауэ Урысейм и литературэхутэхэм ятхахэр, абы дащIа интервьюхэр къыщипщытэжа тхыгъэр. Бейтуганов Исмэхьил тетхыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и цIыхубэ усакIуэ Зумакуловэ Танзиля. Абы и гукъэкIыжхэм ящыщ пычыгъуи газетым къыщихьащ. Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэ и тхыгъэм и гугъу щещI тхакIуэ, усакIуэ, драматург, макъамэтх Хьэхъупащlэ Хьэжбэчыр.

Зумакуловэ Танзиля, Бепаев Муталип, Ахматовэ Любовь, Хьэту Пётр, Додуев Аскэр, Бейтуганов Исмэхьил, Мазуренкэ Маринэ сымэ я усэ сатырхэм, Бабаев Сулейман, Ахидовэ Зинаидэ, нэгъуэщIхэми я рассказхэм дыкъыщоджэ газетым. Адыгэ, балъкъэр псалъэжьхэр абы къыщыхьащ Семэн Русланрэ Гребнёв Наумрэ зэрадзэкIауэ.

Тхыгъэри сурэтри **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*

ЯгъэIэпхъуащ зэIущIэ нэхъыщхьэхэр

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ зэхьэзэхуэм тхьэмахуэ кIуам щызэхэта и зи чэзу джэгугъуэм щыIэн хуеящ зэпеуэм бжыпэр щызэдэгуэшынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ «Шагъдий» - «Родник», «Зэрэгъыж» - «Искра» зэIущIэхэр. АрщхьэкIэ ахэр ягъэIэпхъуащ.

ПАШЭХЭР хэтамэ, джэгугъуэр, дауи, нэхъ удэзыхьэх хъунут. Апхуэдэу щыт пэтми, дызыпэмыплъа бжыгъэхэр къызрикIуа зэIущIэхэри щыIащ. Къапщтэмэ, зэхьэзэхуэм и медалхэм щIэбэнхэм ящыщ «Спартак-Налшыкыр» къыпикIуэтащ мы гъэм лъэщу зыкъэзыгъэлъагъуэ, ауэ пашэхэм япэжыжьэ «Урыхум». ЛэмпIэж Ислъамрэ Тау Къантемыррэ джэгум и япэ Iыхьэм дагъэкIа топхэм я жэуапу налшыкдэсхэм къратыжыфар зы закъуэщ.

КъыдэщIхэр и текIуэныгъэхэмкIэ куэдрэ зымыгъэгуфIэф «7 Вершин-Шалушка» командэм хигъэщIэфащ Налшык и «ГорИс»-р. Абы щхьэлыкъуэдэсхэм Iэмал къаритащ «щыхупэм» къыщхьэщыкIуэтыну.

Иужьу зыхэта джэгугъуэ еханэми зэкIэлъхьэужьу я хьэрхуэрэгъухэм къащыпикIуэтащ «Нартаныр». Иджы абы къытекIуащ, аргуэру бжыгъэшхуэкIэ, Бабугент и «Логоваз»-р.

Нартандэсхэм къалъэщIыхьащ зэхьэзэхуэм хэкIыжа «Джэрмэншыкым» и фIыгъэкIэ очкоищ зыхуатха «Сады Баксана» командэр. Абыхэм текIуэныгъэ тIурытI яIэу турнир таблицэм и епщыкIуплIанэ-епщыкIутхуанэ увыпIэхэр зэдагуэш. ФIэщщIыгъуейщ нэхъ лъагэу заIэтыфынуи.

«Ислъэмейр» бжыгъэшхуэкIэ ефIэкIащ Налшык и «Мурбек ФШ»-м. Абы и пашэ Мэрем Андемыр а зэIущIэм къыщыхэмыжаныкIами, гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжыпэр зэрыщиIыгъщ. Мы зэхьэзэхуэм топ 15 а щIалэм щыдигъэкIащ. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ «ГорИс»-м щыджэгу Балъкъыз Амуррэ «Родник»-м и щIыхьыр зыхъумэ ХъутIэ Анзоррэ.

2025 - 2026 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Мурбек ФШ**» (Налшык) - **4**:**1**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **2**:**2**, «**Спартак-Налшык**» (Налшык) - «**Урыху**» (Урыху) - **1**:**2**, «**Нартан**» (Нартан) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **1**:**4**, «**Сады Баксана**» (Ислъэмей) - «**Джэрмэншык**» (Джэрмэншык) - **3**:**0** *(зэрымыкIуам къыхэкIыу)*, «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - «**ГорИс**» (Налшык) - **3**:**2**,

«Шагъдий» (Зеикъуэ) - «Родник» (Псынэдахэ), «Зэрэгъыж» (Зэрэгъыж) - «Искра» (Алътуд) зэIущIэхэр ягъэIэхъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щыIэнущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *мазаем и 14-м* - «Сады Баксана» - «Ислъэмей», «ГорИс» - «Малка», «Мурбек» - «Спартак-Налшык», «Родник» - «Джэрмэншык»; *мазаем и 15-м* - «Псыгуэнсу» - «Шагъдий», «Урыху» - «Нартан», «Логоваз» - «Зэрэгъыж», «Искра» - «7 Вершин-Шалушка» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ зэхьэзэхуэр 2025 - 2026 гъэхэм зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	**11**	**10**	**1**	**0**	**41-6**	**31**
2. «Зэрэгъыж»	**11**	**10**	**1**	**0**	**35-8**	**31**
3. «Искра»	**11**	**9**	**1**	**1**	**32-3**	**28**
4. «Спартак-Налшык»	12	9	0	3	34-10	27
5. «Ислъэмей»	12	9	0	3	38-16	27
6. «Урыху»	12	6	3	3	23-15	21
7. «Псыгуэнсу»	12	5	3	4	25-22	18
8. «Мурбек ФШ»	12	5	0	7	24-21	15
9. «Логоваз»	12	4	2	6	16-22	14
10. «Малка»	12	4	2	6	20-32	14
11. «ГорИс»	12	4	1	7	23-35	13
12. «Шагъдий»	11	4	0	7	18-23	12
13. «7 Вершин Шалушка»	12	4	0	8	19-44	12
14. «Сады Баксана»	12	2	0	10	11-35	6
15. «Нартан»	**12**	**2**	**0**	**10**	**15-46**	**6**
16. «Джэрмэншык»	**12**	**0**	**0**	**12**	**0-36**	**0**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ФадэхэкI нэпцIхэр

КъБР-м щыIэ МВД-м экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и управленэм, КъБР-м щыIэ УФСБ-м я лэжьакIуэхэм Бахъсэн районым къыщызэпаудащ хабзэншагъэкIэ фадэхэкI нэпцIхэр гъэхьэзырынымрэ игъэкIынымрэ.

КЪЫЗЭРАТАМКIЭ, нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 24-рэ зи ныбжь, Бахъсэн щIыналъэм щыпсэум и Iыхьлыхэм я щIыунэм спиртхэкI щагъэхьэзыр цех къыщызэIуихащ, а лэжьыгъэм хуэщIа Iэмэпсымэхэмкlэ къызэригъэпэщри.

Хабзэхъумэхэм абы къытрахащ маркэхэр зытемылъ коньякрэ аркъэрэ зэрыт птулъкIэ мини 5-м, аркъэм и этикеткэхэр зытегъэпщIа птулъкIэ нэщIу 1600-м щIигъу. Къинэмыщlауэ, унэм деж щыт «Газель» машинэм итт коньяк зрагъахъуэ кумбыгъэ нэщI 324-рэ.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, къагъуэта фадэхэкIхэр и зэхэлъыкIэкIэ ГОСТ-м къигъэувхэм хуэкIуэркъым, абы и уасэр сом мелуан 1,7-м щIегъу.

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм УФ-м и УК-м и 171.1, 171.3 статьяхэм япкъ иткIэ уголовнэ Iуэху къиIэтащ. ЦIыхухъум Iэ щIрагъэдзащ щIыпIэм имыкIыну, хабзэр къызэпимыудыну.

Хабзэхъумэхэм пащэ щэхуу фадэхэкIхэр гъэхьэзырыным пыщIахэр, ахэр щащэ щIыпIэхэр къыщIэгъэщыным хуэгъэза лэжьыгъэхэм.

ЯгъэтIысынкIэ мэхъу

Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм и Следственнэ IэнатIэм и кIэм нигъэсащ илъэс 30 зи ныбжь нарткъалэдэсым ехьэлIауэ къаIэта уголовнэ Iуэхур.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, 2025 гъэм и шыщхьэуIум абы къыхуагъэлъэгъуащ и банк картитIыр сом мин 11-кIэ ящэхуну. Арэзы хъущ, ахэр къэгъэсэбэпынымкIэ зэгурыIуэныгъэм къигъэувхэм ебакъуэри, и банк счетхэри хыхьэу яритащ.

Мазэ зыбжанэкIэ цIыхухъум и счетхэм кIуэцIрыкIащ гъэпцIакIуэхэм цIыхухэм къыфIадыгъуа сом мин 240-рэ къызэщIэзыубыдэ транзакцэу 2.

Ягъэкъуаншэм картэхэр зритар ицIыхуркъым. Иджы ари, хабзэншагъэм пыщIа адрейхэри яубзыху.

Хабзэм къызэригъэувымкIэ, ягъэкъуаншэм къуэдыуэ сом мини 100-м къыщыщIэдзауэ мин 300-м нэс ирагъэпшынынкIэ е ар илъэси 3-м нэскIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

Грамм 949,3-рэ

ХьэтIохъущыкъуей къуажэм щыпсэу, нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 45-рэ зи ныбжь цIыхухъур Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэхэмкIэ и лэжьакIуэхэм яубыдащ. Абы шэч хуащI хабзэншагъэкIэ наркотикхэкI ихъумэу.

И унеи лъапсэр къыщацым, ухуэныгъэхэм я зым полицейхэм къыщагъуэтащ мэ гуащIэ къызыхих къэкIыгъэ гъуа зэрылъ полимер пакет.

Къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, къытрахар грамм 949,3-рэ хъу марихуанэщ.

Яубыдам хабзэхъумэхэм яжриIащ езыр-езыру къэкI щIэпыр къуажэм и гъунэм къызэрыщричар. Ар унэм къихьри игъэгъуащ, езым къигъэсэбэпыну.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

ЦIыхухъур пIалъэк1э щаIыгъ изоляторым яшащ.

БАХЪСЭН Аззмэт.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-88, 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.245
Заказыр №253

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.).*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.